ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№29 (23.999) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщІыпхъэхэр

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэкІа зэІуущІэм щытепсэльыхьащ Урысей Федерацэм и Президентым и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэлъэгъуэхэмрэ лъэпкъ проектхэм кьыхьэу, щыналъхэм щыпсэухэм я хэхъуэр егъэфІэкІуэн, тхьэмыщкІагъэр нэхъ мащІэ щІын кьалэнхэмрэ зэрагъэзэщІэну Іэмалхэм.

ЗЭІУЩІЭМ къызэрыщыхагъэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэм мы зэманым лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирагъэкІуэкІ цІыхухэм я хэхъуэр егъэфІэкІуэным, унагъуэ хуэмыщІахэм защІэгъэкъуэным ехьэлІауэ. Псалъэм папщІэ, ди щІыпІэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щызыгъуэтхэм я бжыгъэр цІыху мин 220-м щыщІыгъуащ. Абыхэм яІэрохьэ япэ, етІуанэ, ещанэ сабийхэмрэ кьакІэлъыкІуэхэмрэ къызыхэхъуэхэм я быныр илъэсищ хъуху, илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэсиблым къарал дэІэпыкъуныгъэ зэрат щыкІэм. Мы гъэм а программэм къызэщІагъэубыдэну я мурадщ республикэм щыпсэу унагъуэ хуэмыщІа 700-м нэблагъэ. Абыхэм лэжьапІэ къагъэтынымкІэ ядэІэпыкъунщ, ирагъэджэнущ, хьэрычэт Іуэху къызэрагъэпэщыныкІэ щІагъэкъуэн яхуэхъунущ.

КъБР-м и Іэтащхьэм щыпсэуэхэр зыхэт тхьэмыщкІагъэр къызэнэкІынымкІэ а Іэмалхэр зэрымащІэр, абы къыхэкІыу щІынальэ программэ щхьэхуэ зэхагъэувэн хуейуэ къызэрилъытэр.

Республикэ унафэщІхэр щхьэхуэу тепсэльыхьащ льготэ зиІэ цІыхухэр хущхьэкІэ къызэрызэгъэпэщым. 2020 гъэм а Іуэхум КъБР-м и бюджетым щыхухахыну ахьшэр процент 37-кІэ нэхъыбэ ящІащ, нэгъабэрейм елъытауэ. БжыгъэкІэ къэбгъэльэгъуэмэ, ар сом мелуан 367,2-рэ мэхъу. КІуэкІуэ Казбек жиІащ абы и льэныкъуэкІэ щытыкІэр нэхъыфІ зэрыхъуар, ауэ адэкІи апхуэдэу лэжьэн зэрыхуейр.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим**, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**, узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам** сымэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● ЗэІущІэхэр

● Транспорт

Проценти 6,5-кІэ нэхъыбэ

2020 гъэм и щІышылэ-мазаем Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгухэм я зекІуаніэхэмкІэ хьэпшыпэ зэмылІэужьыгъуэу къыщрашэкІам я хьэлъагьыр ДФЭ контейнер (зыр фут 20 хуэдиз мэхъу) мин 25-м щхьэдэхащ. Ар, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм кърикІуам тетщІыхьымэ, проценти 6,5-кІэ нэхъыбэщ.

КОНТЕЙНЕРУ мы гъэм и мазитІым кърашэкІам я бжыгъэм проценти 8,4-кІэ хэхъуащ. Арщхьэкіэ, абыхэм ярыльа хьэпшыпхэм я хьэлъагьыр, нэгъабэрейм елъытауэ, проценти 5-кІэ нэхъ мащІэу къыщІэкІащ (тонн мин 81-рэ). Ахэр зэхэгъэщхьэхукІауэ кьедбжэкІмэ:

автомобилхэмрэ абыхэм пкъралъхьэ пкъыгъэхэмкІэ - тонн мини 2,1-м нэхърэ нэхъыбэрщ (процент 61-кІэ хэхъуащ);

химикатхэмрэ содэмкІэ - тонн мин 1,5-м щІигъурщ (процент 17,6-кІэ хэщІащ);

метизхэмкІэ (гъущІым къыхэщІыкІа хьэпшыпхэр) - тонн 407-рщ (процент 16,4-кІэ нэхъ мащІэщ);

щІыдагъэмрэ абы кьыхащыкІ пкъыгъэхэмкІэ - тонн 184-рщ (процент 26-кІэ нэхъыбэщ);

хадзэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмкІэ - тонн 207-рщ (процент 263,2-кІэ хэхъуащ);

адрей ерыскъыпхъэхэмкІэ - тонн 447-рщ (процент 24,2-кІэ нэхъыбэщ).

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гъуэгухэм хуэбэлэрыгъыркъым

«Автомобиль гъуэгуфІхэмрэ шынагъуэншэхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъарым щызэрагъэпэщыжынущ километри 100-м щІигъу. Ар илъэс блэкІам кьалэжьам нэхърэ процент 32-кІэ нэхъыбэщ.

КъБР-м гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ Акопян Рафаэль дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, зэгъэпэщыжынигъэ лэжьыгъэхэм республикэм и щІыналъэ псори къызэщІаубыдэнущ. Иджырей мардэхэм тету гъуэгууухэхэм асфальтыр зэрахъуэкІынущ, дамыгъэхэр щІэуэ трагъэувэнущ.

ИЛЪЭС блэкІам ди республикэм гъуэгуу километр 76,5-м нэс зыхуэй щыхуагъэзащ. Зэгъэпэщыжыпхъэу кьапэщылъыр псори зэхэту километр мини 3-м нобланэ.

Лъэпкъ проектым ипкъ иту, КъБР-м и гъуэгу километр 35-р уэздыгъэхэмкІэ кьагъэнэхунущ. Ари 2019 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм нэхъыр процент 40-кІэ нэхъыбэщ. 2020 гъэм и кІэм нэсыху жэщ уэздыгъэхэр щагъэувынущ Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн кьалэхэм, Малкэ, Прималкинкэ, Лашынкъей, Урыху, Кьыщпэк къуажэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

УФ-м ЩІэныгъэмрэ щІэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ и министерствэм къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лэжьыгъэр къэпщытэным хуэгъэзауэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм ящыкІуахэр наІуэ къащІыжащ. Абыхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иригъэфІэкІуащ зэфІих Іуэхугъуэхэм я фІагъэр Іупщі зыщІбжыгъэхэр, апхуэдэуи нэхъыбэ фІагъэтэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я гупми зыщигъэбыдащ.

«LiftUp» Іэмэсымэр и дэІэпыкъуэгъуу министерствэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм кьагъэлъэгъуащ КъБКъУ-м 2018 - 2019 гъэхэм кьриубыдэу ехьэлІэныгъэ пыухыкІахэр зэрызригъэгъуэтар. ЗэфІах лэжьыгъэхэм кьаХь сэбэныгаРым елъытауэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр гупи 10-у гуэшащи, ди университетыр 4-нэ гупым хэтщ, иригъэкІуэкІ ІуэхухэмкІэ езым хуэдэу лъэрызехьэхэм ехьэлэуэу. Къэпщытэныгъэхэм къызэщІаубыдэ егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, къэхутэныгъэ, хамэ къэралхэм ядэлажьэныгъэ, финанс, экономикэ, улахуэм и инагъ, щыналъэр зыхуеину ІэщІагъэлІкІэр гъэхьэзырын, нэгъуэщІ унэтІныгъэхэмкІи еджапІэхэм зэфІагъэкІхэр. Апхуэдэуи кьапщытэ еджапІэм щІэс студентхэм я бжыгъэр, абы щІэтІысхьэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэм и кууагъыр. Кьапщтэмэ, КъБКъУ-м нэгъабэ кьащта студентхэм ику ит баллу экзаменхэмкІэ яІащ 60,67-рэ. Хэхъуащ щеджэхэм я бжыгъэми.

ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм утепсэльыхьмэ, КъБКъУ-р зыхэт 4-нэ гупым хагъахьэ а унэтІныгъэмкІэ балл 51,28-рэ зиІэхэр - ди университетым ефір балли 191,78-рэ мэхъу. Апхуэдэу хэхъуащ ди щІэныгъэлІхэм я лэжьыгъэхэр къэхутэныгъэщІэхэм къызэрыщагъэсэбэп бжыгъэхэри.

Процент 29-кІэ хэхъуащ университетыр хамэ къэралхэм зэрадгалажьэ щыкІэми. Абыхэм ящыщу ди деж щІэныгъэрэ Іэщагъэрэ щызэзыгъэгъуэт щІалэгъуалэм я бжыгъэри дэкІуеящ. Кьинэмыщ1ауэ, проценту 12-кІэ зиІэтащ еджапІэм щылажьэ ІэщагъэзлІхэм я улахуэми.

Ди гуапэ зэрыхъущи, КъБКъУ-м щефІэкІуащ и мыльку-техникэ лъабжьэр, ар компьютеркІэ, лабораторэ Іэмэсымэкіэ нэхъыфІу къызэгъэпэща хъуащ.

А псоми, дауи, лэжьыгъэ купщІафІэ я щІыбагъ къыдэтщ, КъБКъУ-м и унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм, ІэщагъэлІ псоми хьэлэлу зэфІахаауэ. Ди щІыналъэр зэрыгушхуэ, лъэпкъ ІэщагъэлІхэм я кІыщ ди еджапІэ нэхъыщхьэм дохъуэхъу и ехьэлІэныгъэхэм адэкІи хигъахъуэ зэпыту лэжьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Статистикэ

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

«ТурСтат» Интернет порталым къызэригъэнэІуамкІэ, Урысейм и щІымахуэ зыгъэпсэхуплІэ щІыпІэ нэхъыфІу зи щІэ къыраІуахэм Іуащхьэмахуэ лъапэ хабжащ.

ЯПЭ увыпІэр зыхуагъэфэщащ щІыпІи 3-м хиубыдащ Роза Хутор (Сочэ), Іуащхьэмахуэ лъапэ (Къэбэрдей-Балъкъэр), Москва областым и Дмитровскэ округым и курортхэр. Роза Хуторым и щІымахуэ зыгъэпсэхупІэхэм хуэдэ щІымыІэу кьалъытэ зэупщІа цІыхухэм я процент 24-м, Іуащхьэмахуэ лъапэ - процент 19-м, Дмитровскэ округым - процент 15-м. ЩІыпІэ нэхъыфІхэр «Онлайн-щІэупщІэныгъэ» мардэм тету ягъэбелджылащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Хъыбар гуапэ

Къэралым щыпашэхэм хабжэ

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 12, махуэку

●Зэныбжьэгъу къэралхэм я зэгухьэныгъэм и мазущ

●Урысейм Юстициэмкіэ и министерствэм и Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

● 1896 гъэм Санкт-Петербург и университетым щагъэувэ приёмникым. Абы папщІэ къагъэсэбэпащ физик цІэрыІуэ Попов Александр къигупсыса Іэмэпсымэр.

● 1918 гъэм Совет правительствэм и унафэкІэ, Москва къэралым и къалащхьэ хъужащ. Гъатхэпэм и 11-м кьулыкъущІэхэр Петроград кърагъэІэпэхъуІакІэт.

● 1922 гъэм Куржым, Армениеим, Азербайджаным КавказщІыб Социалист Федеративнэ Совет Республикэ (ЗСФСР) къызэрагъэпэщащ, Совет Союзым хьыхьэу.

● 1940 гъэм совет-финн зауэр ихуащ. Абы теухуауэ СССР-мрэ Финляндиемрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ Выборг кьалэмрэ Карелие Къухьэпіэ щІыналъэмрэ Совет Союзым ей къуащ.

● 1974 гъэм «Марс-6» совет станцыр Марсым тетІысхьащ икІи ягъэ дыдэу щІым кьиГъэхьащ абы и щІыгуІ льымрэ щыІэ щытыкІэмрэ теухуа хъыбарыр.

● 1990 гъэм къызэІуахащ СССР-м и щІыхубэ депутатхэм я зи мычэзу III съездыр. Коммунист партыр къэралым и унафэщІу зэрыщытыр щыубзыхуа 6-нэ статьяр Совет Союзым и Конституцэм абы щыхагъэкІащ.

● 1999 гъэм НАТО-м хьащ социалист къэралыгъуэу щытахэу Чехиер, Польшэр, Венгриер.

● 1912 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **КІэрэф Къамболэт**.

●И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Урысей Федерацэми Адыгейми я цІыхубэ суэрзыщІ **Къат Теувэж**.

● Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Хъурей Арсен** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 18, жэщым градуси 8 - 9 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 13, *мэрем*

●Планетарийхэм я дунейпсо махуэщ

●1733 гъэм франджы литературэм и классик **Шарлоттэ Аиссе (ХьэІишэт)** дунейм ехьжащ.

●1869 гъэм Менделеев Дмитрий химиием и пкъыгъуэхэм я таблицэр зэхигъэувэн ихуащ.

●1938 гъэм урысыбзэр Совет Союзым и школ псоми Іэмал имыІэу щаджэн хуей предмету ягъэуващ.

●1954 гъэм СССР-м ШынагъуэншагъэмкІэ Къэрал Комитет (КГБ) къыщызэрагъэпэщащ.

●1989 гъэм Интернетыр кьагупсысащ щІэныгъэлІ Бернерс-Ли Тимрэ и лэжьэгъэхэмрэ. Иджы ар кьыщамыгъэсэбэп щыпІэрэ Іэнатіэрэ щыІэжкъым.

●Къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу композитор, къуэшырокъуэ **З. Къ**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрыг

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІыр

Кужонов Ж. А. - Урысей Федерацэм Юстициэмкіэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къумал Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Узчылхэм я палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Лыхь А. Ч. - Тезырхэр егъэшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэлбахьуэ А. Къ. - Налшык гарнизоным и дзэ судым и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр

Надёжин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Іэхухэмкіэ, къызэрыкІыу щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Новосельцев В. И. - гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м и дзэ прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ)*

Павлов А. Л. - «Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и гъунапкъэхъуэм управленэ» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іэхуущ1апІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Павлов В. П. - къэрал кІуэцІ Іэхухэм министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Попов Д. П. - Налшык и транспорт прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Тугаев Т. Д. - Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Хабаров Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэфыщ1э М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхуэсым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхуэсым хэтхэр къэщтэным и Указым и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхуэсым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ кьищтам, зэхуэхІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м къыдигъэкІа №30-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 27-м
№15-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкІа Указ №15-УГ-мкІэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхуэсым хэтхэр

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(ззэыгъэуІу зэхуэсым и тхьэмадзщ)*

Тату Къ. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и Советым и Секретарыр *(ззэыгъэуІу зэхуэсым и тхьэмадзм и къуэдзэщ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Бауаев А. Къ. - Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Беппаев С. У. - Балъкъэр лъэпкъым я «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Багъэтыр О. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Васильев С. С. - Урысей Федерацэм Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Волошин В. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ къулыкъущІапІэм Связь хэхапэр информацэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и центрым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Жанджэрий Хь. Хь. - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іэхухэмкіэ и министерствэм транспортым егъэщІапІа и Налшык линейнэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников А. Д. - «Урыс тхьидэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Къушырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрыг

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІыр

Кужонов Ж. А. - Урысей Федерацэм Юстициэмкіэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къумал Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Узчылхэм я палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Лыхь А. Ч. - Тезырхэр егъэшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэлбахьуэ А. Къ. - Налшык гарнизоным и дзэ судым и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр

Надёжин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Іэхухэмкіэ, къызэрыкІыу щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Новосельцев В. И. - гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м и дзэ прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ)*

Павлов А. Л. - «Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и гъунапкъэхъуэм управленэ» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іэхуущ1апІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Павлов В. П. - къэрал кІуэцІ Іэхухэм министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Попов Д. П. - Налшык и транспорт прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Тугаев Т. Д. - Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Хабаров Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэфыщ1э М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*.

Ухуэныгъэщ1э

● Іуащхьэмахуэ щІынатІэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ щауху уэсукъуэм пэщІэтыныкІэ ягъэІэпхъуэ къэгъэувыІэпІэ.

НЭХЪАПЭМИ Адыл-Су ауэм дэкІ гъуэгур шынагъуэншэу щытахъым: зы щІымахуэ лъэхъэнэм кьриубыдэу 10 - 15-рэ гъуэгур зэхуащІ хуей хъурт, уэсукъуэу кьрихьэхэр тонн миным щынэс щыІэу. Зэман кІэщІым кьриубыдэу мы щІыпІэм щауху къэгъэувыІэпІэр сыт и лъэныкъуэкІи иджырей дунейпсо мардэхэм тетщ, уэсукъуэм и мызакъуэу ар щІыр щыхьэйкІи балли 9-м шынагъуэншэу пэщІэтыфынущ.

Метри 4,5-рэ зи кІыхьагъ ухуэныгъэр бетон лъакъуи 10-м быдэу яІыгъ. Абы тыншу щызэкІуэнущ транспортри лъэсу къэзыкІухь туристхэри. ЗыплъыхьакІуэхэм папщІэ къэгъэувыІэпІэм лъэс зекІуапІэ щхьэхуэ хэтщ. Ухуэныгъэм трагъэкІуэда сом мелуани 130-м и нэхъыбэр федеральнэ бюджетым къыхэкІащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захуэдгъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ихащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым кьыщыщІэдзауэ ар кьевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

ПОЧТА РОССИИ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Биижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМ І Э ЩІАДЗ

КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и актовэ эпшым щекІуэкІащ Афганистаным щызэуахэм я зэгухэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и правленэм и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ къызэдгнэкІа илъэсым кърикІуахэмрэ, 2020 гъэм къапэщыт къалэныщІэхэмрэ.

УРЫСЕЙ гвардием и управленэу КЪБР-м щыІэмрэ Афганистаным щызэуахэм я зэгухэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и управленэмрэ зэрызэдэлажьэнум теуХуа зэгурыІуныгъэ зэІущІэм Іэ щыщІадзащ Управленэм и унафэщІ полицэм и полковник **Васильев Сергейрэ** КЪБР-м и Парламентым и депутат **Тхьэгъэлэдж Тимуррэ**.

- Дэ ХуэдизкІэ дызэпылыщІащ. Урысей гвардием и ІэщІагъэлІхэр жыджэру хэтщ едгъэкІуэкІ Іуэхуэхэм, citu дэ зэхуэщытыкІэр официальнэу щІэддгъэбыдэну дызэгурыІуащ. ТхуэзэфІэкІ къэдгъэнэжьыным ди зэдгъэлажьэныгъэм сэбэп кърикІуэн папщІэ,- жиІащ Тхьэгъэлэдж Тимур.

- Дэ хэлъхьэныгъэ хуэтщІынущ и интернационал къалэныр ягъэзащІэу зэкІуэдахэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьыну къэнэным, зэрыхъукІэ дадэІэпыкъунущ Афганистаным и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ,- къыхигъэщащ зэгурыІуныгъэм Іэ щІадза иужькІэ Васильев Сергей.

2019 юбилей илъэсым, советыдзэхэр Афганистаным къызэрашыхэрэ илъэс 30 щрикъуам, Афганистаным щызэуахэм я зэгухэныгъэм и щІыналъэ къудамэм иригъэкІуэкІа Іуэхуэм щытепсэлъыхьым, Тхьэгъэлэдж Тимур кІэхиргъэщащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къадэІэпыкъуу Налшык и Дзэхуэй хадэм ит афган лІыхъужьхэм я фэеплъым теплъэ екІу зэрыратар.

Республикэм и «афганец» псоми папщІэ ирагъэщІри юбилей медалхэр ирагащ цІыху 920-м. Ткаченко А. и цІэр зезыхъэ музейм гъэлъэгъуныгъэ щекІуэкІащ, республикэм и районхэм щыІэ фэеплъэр зыхуей хуагъэзащ, райониплІым афган лІыхъужьхэм я фэеплъ щагъэуващ.

- Юбилей илъэсым пщІэншэу «Кърым» санаторэм зыщагъэпсэхуну Іэмал ягъуэтащ Афганистаным и ветеран 16-м. НобэкІэ афганец 27-м фэтэрхэр ирагащ, иджырыи унагъуэ 23-м ахэр къалъысын хуейщ. Дэтхэнэ жылагъуэ зэгухэныгъэми хуэдэу, ветеранхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэкІэ, мыпхъукІэ защІыдогъакъуэ,- жиІащ Тхьэгъэлэдж Тимур.

Къыхэдгъэщынщи, республикэм и унафэщІхэм лІыхъужьхэм хуагъадзу пщІэ хуащ зауэлІ-интернационалистхэм. Ар я фІыщІэщ КЪБР-м и ягъэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерийрэ Афганистаным щыІахэм 1996 гъэм щызэрагъэпэща советымрэ.

ЗэІущІэм Іуэху гуапэкІэ пащащ. Абы къаратаблэгъа бзылъхугъэхэм гъатхэпэм и 8-м ягъэлъапІэ ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэмкІэ къэхуэхъащ Васильев Сергейрэ Тхьэгъэлэдж Тимуррэ. КъыкІэлъыкІуэу афган зауэм хэтахэм закъыщІэзыгъакъуэ, ягъэува къалэнхэр пхыгъэкІыныкІэ, Іуэхуэр ирагъэкІуэкІыныкІэ къадэІэпыкъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, ІуэхущапІэхэм, я лэжьыгъэ цІыхухэм я деж нэзыхьэс цІыхубз хьэбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм тыгъэ хуащІащ юбилей медалхэр, Афган зауэм и ветеранхэм я республикэ советым и щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

«Ветеран зэщІэхъееныгъэм зэрыдэІэпыкъумрэ зэрызащІигъакъуэмрэ папщІэ» медалыр ирагащ «Адыгэ псалъэ» газетым хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ящІэлажьэныкІэ и къудамэм и редактор **Уэрдокъуэ Женя**, «Заман» газетым и къудамэм и редактор **Тикаевэ ФатІимэ**, «РИА-КБР» хъыбарегъащІэ агентствэм и корреспондент **Вернековская Юлие**.

Советым и щІыхь тхылъыр зыхуагъэфащэхэм ящІыщІ Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ ІуэхуэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Дол Оксанэ, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІ пэрыт Къасокъуэ Дианэ. ФІыщІэ тхылъхэр зратахэм яхэтщ Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм и унафэщІ Мамий Нафисэтрэ «ГТРК Кабардино-Балкария» ВГТРК-м и шеф-редактор Сурженко Людмилэрэ.

ЗэІущІэ Іуэпэм и Іэхуэхьу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Илъэси 100 ирокъу

Илъэс къэс гъатхэпэм и 12-м ди къэралым щагъэлъапІэ Урысейм и Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ ІэнатІэм (УИС) и лэжьакІуэм и махуэр. Ар абы щытрагъэхуам и щхьэусыгъуэ иІэжщ. Урысей император Александр II 1879 гъэм а махуэм Іэ щІидзауэ щытащ лъэхъуэщ департамент къызэрэпэщыным теуХуа унафэм, Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкІэ зыуэ щыт къэрал Іэнатіэм лъабжьэ хуэхъуам.

УГОЛОВНЭ-гъэзэщІакІуэ ІэнатІэм и тхыдэм зыужьныгъэ, зэхъуэкІыныгъэ гъэзгъанэзыхуэ къызэрагащ, и теплъэри ихъуэжащ. Иужьрей илъэсхэм гулъытэ хуащІ Урысей Федерацэм и пенитенциар системэм зижьыным. Ар кърикІуащ Урысей къэралым къэралыгъуэ хуитыныгъэ гъэзгъанэр къызэрыхихам.

Абы нэхъри утрегъэгушхуэ УИС-м зегъэужьынымкІэ, Іуэхущапхъэшынци, 2020 гъэм илъэси 141-рэ ирокъу Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ ІэнатІэр къызэрызэрагъэпэщащ. Урысей ФСИН-м и управленэу КЪБР-м щыІэм илъэси 100 гъэзгъанэ кьикІуащ.

Къэралым и уголовнэ-суд политикэр нэхъыбэу хуокІуэ административнэ тезырхэм икІи абы кьегъэлъагъуэ тезырыр щапшынымкІэ колониехэмрэ лъэхъуэщхэмрэ пэкІуэ Іуэхущапхъэхэр лэжьэныр. Къапщтэмэ, апхуэдэхэм хуэхІуащ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ инспекцэхэмрэ ягъэтІысхэзэ гъэзгъ зэхуэм щытрагъэувэж центрхэмрэ, ягъэлажьэу тезырыр щрахьэкІыу. Псори зэхэту Урысей Федерацэм къыщызэрагъэпэщащ апхуэдэ центру 15-рэ щІыпІэ 67-рэ.

УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкІэ и федеральнэ къупльуэщІапІэм и управленэу КЪР-м щыІэм Прохладнэ къалэм щиІэ гъэзгъ тэмэмым щытрагъэувэж центрым фІэкІыпІэ имыІэу ягъэлэжьэну суд зытращыІыхьа япэ цІыхур къыщыхуташ 2019 гъэм и щышыІэм. 2020 гъэм щыІыщІэм и 1-м ирихьэлІэу, цІыхуи 100-м хуэщІа мы Іуэхущапі эм щаІыгъэхэр 93-м нэсащ.

Тралъхьа тезырым и Іыхьэ ямыпшынынымкІэ зекъуэзу гъэлэжьынымкІэ зэхъуэкІыным кьрикІуахэм кьызэригъэпэщащ, абы кьегъэуэ мыпхуэдэ тезырхэр ирахьэкІыну суд зытращыІыхьахэм папщІэ хэщІапІэ кьызэрэпэщыным. Абы къыхэкІыу УФСИН-м кьыхилъхьащ «Тезырхэр щапшынынымкІэ колониехэмрэ следственнэ изоляторымрэ я къалэнхэр ягъэзащІэ - щІэпхъаджагъэ зылэжьаХэр, ягъэтІысыну суд зытращыІыхьахэр, шэч зыхуащІхэу, ягъэкуанштэхэу яубыдахэр яІыгъэнымр.

Суд зытращыІыхьахэмрэ яІыгъэмрэ, абыхэм я криминоген щытыкІэм ехьэлІа статистикэм кьегъэлъагъуэ лъэхъуэщ зэхъуэкІынигъэхэр ехъулІэныгъэ пылъу зэрекІуэкІыр. Къапщтэмэ, апхуэдэхэм я бжыгъэр мащІэ щохъу зэрыщытыу Урысейми хуэдэу, УФСИН-м и щІыналъэ Іуэхущапі эхэмм. Ауэ абыхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэхэр нэхъ хьэлъхэхэм хуебыдэ.

КІэлъыплъынигъэмрэ хъумэнымрэ зегъэужьынымкІэ УФСИН-м кьыщыдогъэсэбэп иженер-техникэ Іэмэпсымэхэр, видеокІэльыплъынымгъэр. Тезырыр щапшынынхэм ар яфІэфІкъым кьемызэгъ хьэпшыпхэмрэ пкъыгъэхэмрэ хабзэм щхьэхуэдэхьу зыІэрагъэхьэныр кьаззэремыкІэхуПІэм, апхуэдэхэр кьызэрэпаудым кьыхэкІыу. КьыщІагъэщ а хабзэншагъэм пэплъхэрэ ахэр зыгъэщІэхэри.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм дазэрыдзлажьэм Іэмал кьет кьалэнхэр зыгъэщІэну зэфІэхьныкІэ. КЪБР-м щыІэ Урысей УФСИН-м 2019 гъэм абыхэм яІэригъэхьа хъыбархэмкІэ кьахутащ хабзэншагъэкІэ зэрагъакІуэ Іэщ1эхэр, мы зэманми кьыщагъэсэбэп. Кьаскъуэлым итхащ щІэнигъэ лэжьыгъэ 200-м щІигъу, патенту 26-рэ иІэщ.

- Мусэбий нэхъыжьыфІу, сит хуэдэ Іуэхуэки чэнджэщэгъу кьытхуэхъуу кьыддолажьэ, - жиІэ техникэ щІэнигъэхэм я кандидат, ежкапІэ нэхъыщхьэм и кафедрэм и унафэщІ Мыщхьуэжь Владислав. - Иригъажьэ ныбжьыщІэхэм ельыхьым хуэдизу ябгъэдэтщ- яхуэсакъыну, езым ищІэр зэрабгъэдилъхьым хуэщІэкъуу. КІуэарекъэ, щхьэх, ешхьэпІэхэр зымыщІэ цІыху жьыджрщ, и лэжьэгъуэхэри сыт и льэныкъуэкІи кьыхуэзэрэщІ. И бынхэри тэмэму игъэсащ, цІыху хъарзынэ къаХэкІащ. Узынщэу, гукъеуэншэу ихьэс Іэджэкі и Іэнатіэм пэрытыну, куэдрэ дяпэ итыну Тхьэм жиІэ!

Къаскъуэлыр жьыджэру хэтщ КЪР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэ Іуэхуэхэм. Щ1ыгъуитІ фІыщІэр хъумэным, гъавэм зэрелэжь машинэхэм егъэфІэкІуэным теуХуауэ абы кьигупсысахэр ди республикэм и губгъуэхэм ильэс куэд щІауэ кьыщагъэсэбэп.

- Зэрыстудент лъандэрэ соцІыху Мусэбий, - жеІэ техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, профессор Тlэш Анатолэ, - ильэс куэд щІауи дызэдолажьэ. Гуэгу ку кабзэ-псэ кьабзэщ. Зэгъусэу Іэджэрэ дежьащ, конференц, зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм мызэ-мытІэу дяхэтащ. Бзэ Іэфі зыуРыпІь цІыхущ, зыхэтхэм пщІэ яхуещІ, ещхьыркабзэу, езыри кьалъытэ. И кьалэныр дагъэуэншэу егъэзащІэ, цІыухэм сэбэп сахуэхъуарэт жиІэу, зыпэрыт Іэнатіэм уэпэжу ежогъэгурыкІуэ ди ныбжьэгъуІ. И Іэщ1агъэм зэрыхъэпэжьым, и Іэнатіэр фІыуэ зэрилъагъэм, щІэблэм гугъу зэрызадригъэхьым и щапхъэкъэ и гъэсэхэнэр?! Абыхэм кьахэкІащ Іэщ1агъэлІ гъэзэджэхэр, щІэныгъэхэм я доктор, кандидат хъуэхэр. Уэхъуапэ хъунущ апхуэдэ цІыхум - и ныбжьым емыльытауэ, ар иджыри жьыджэрщ, сыт щыгъуи студентхэр кьепщІэкІащ, и гъащІэр зытриуху Іуэхум щІалэгъуалэ нэхъыбэ зэрыдригъэхьыным яужь итщ.

УогъэщІагъуэ профессорым жэрдэмышхуэ зэрыхэлъыр, абы игъэзащІэ Іуэхуэхэм я куэдагъэр. Студентхэр зэрыригъаджэм я мызакъуэу, ар жьыджэру хэтщ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и щІэныгъэхэмкІэ и министерствэм и лэжьыгъэм, щІэныгъэ-хъуэктакІуэ лабораторэм и унафэщІщ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри и пщІэ дэлъщ.

И Іуэхущ1афэ дахэхэм папщІэ Къаскъуэлым диплом, щІыхь тхылъ зэмылІэужьыгъуэу къратар куэд мэхъу. Апхуэдэу ар мызэ-мытІэу и лауреат хъуащ ВВЦ-м - нэхъапэм ВДНХ-кІэ дызэджэу щытам.

- КъаскІуа гъэзгуанэм сриплъымэ, Іэфіу сигу къызогъэкІыж сезыгъэджахэр, щІэгъэкъуэн пэж къыскуэхуахэр, - жеІэ езы Мусэбий. - Краснодар аспирантурэм сыщыщІэсам хуабжьу я сэбэп мызэкІащ академикэу Лукьяненкорэ Хаджиновымрэ, диссертацэр щыстхьам си унафэщІу щыта Щербинэ Пётр сымэ. И ахърэт дахэ Тхьэм ищІ, зифІ слъэгъуа, ди ефкапІэм и япэ ректу щыта ФиІэпщэ Бориси. Си нобэрей лэжьэгъухэмри си унафэщІхэми сахуэзэрэщІ - зы унагъуэфІым хуэдэу дызэбгъэдэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и унафэщІ Апажэ Аслъэн къетхьэжьэ Іуэхущ1эхэр кьыздеІыгъри, абы папщІи фІыщІэ щІхьэхуэ хуэфащэщ.

Мусэбий иІэщ1 уэзэхъуапсэ хъун унагъуэ дахэ: и щхьэгъусэ Соблыр Людмилэрэ абырэ бынищ зэдапІащ. Нэхъыжьыр, Мурат, МКъУ-р къыуаухэу ядернэ фізикэмкІэ Іэщ1агъэлІщ. Пкъыгъуэ нэрыкьыльагъуэкІи я деж кьыщыкІуэкІхэм теуХуауэ абы иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэ ин зэрапІэр, ди къэралым и мызакъуэу, США-ми Канадэми къыщащІыьтащ. Ипхъу Залинэ дохутырщ, ординатурэр Мэзкуу къыщыхуауэ абы дэт клиникэхэм ящыщ зым щолажьэ. Щ1алэ нэхъыщІэр, Аслъэн, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатым и дэІэпыкъуэгъущ, МГИМО-м и егъэджакІуэщ, спортсменщ, дзюдомкІэ спортым и мастерщ.

Мусэбий хуэдэхэракъэ насыпыфІэ мызакъэр: цІыхубзм я сэбэп зыхэлъ Іэнатіэ пэрытмэ, щІэныгъэ куу бгъэдэлъу щІэблэр игъасэмэ, зыхэт гупым щІэ кьыщыхуащІмэ, и бынхэм я ехьулІэныгъэм иригуфІэу дунейм тетмэ?! Тхьэм кьыхуэзэщІ!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Фи гулъытэмрэ зэхэщІыкІымрэ сэбэп къытхуохъу»

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру КЪБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Павлов Василий Іэнатіэм и цІыхубз ветеранхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ екъуэхъуащ гъатхэпэм и 8-м ягъэлъапІэ ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэмкІэ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэм теуХуа махуэшхуэ концерт. Абы къарагъэблагъэт республикэ МВД-м и Іэнатіэхэм я лэжьакІуэ цІыхубз 200-м нэблагъэ.

Іуэху гуапэр кьыщІадзащ Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі и министр полицэм и генерал Колокольцев Владимир кьыбгъэдэкІ хъуэхъу телеграммэм кьеджэу.

ЦІыхубзхэм махуэшхуэ псалъэ дахэкІэ захуигъэзащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру КЪР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Павлов Василий.

- Фи бэшэчагъым, гулъытэмрэ зэхэщІыкІымрэ сэбэп къытхуохъу ди къалэным и гугъуехь куэдыр екъуэлІэныгъэ диІэу кьызэдэкІынымкІэ. ФІыщІэ фхузощІи фи гуапагъэм, акъылыфІагъэм, махуэ кьэс ефхьэкІ лэжьыгъэм, ди гухэхъуэныгъэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я хэкІыпІэу фызэрыщыытым папщІэ,- жиІащ абы.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі министерствэм и лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу кьызэхуэсахэм екъуэхъуащ Урысей МВД-м Шэджэм районымкІэ и къудамэм и Пльыр частым и оперативнэ пльырым и дэІэпыкъуэгъу полицэм и прапорщик Къардэн Барэсбий. Илъэс 30 хъуауэ ар хабзэхъумэ Іэнатіэм пэрытщ.

Махуэшхуэ Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ, кьызэхуэса я лэжьэгъуэхэм екъуэхъуащ кьулыкъущапІэм и ветеран, милицэм и майор Шипачёвэ Валентинэ.

Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ КЪР-м и цІыхубз артист Текуев Амур, КЪР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Ракитинэ Иринэ, республикэм и МакъамэІ театрым и хуэдэжьыпІэкІэ Жабо Замирэ, «Бзэрабзэ» гупым и солист ДышцкІ Артур сымэ. Апхуэдэуи махуэшхуэ зэхьыхьэм кьрихьэлІэхэм я гукъыдэжьр кьаІэтащ къафэмкІэ «Насып» цІыхубз ансамблымрэ Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и «Каллисто» къэфакІуэ гупымрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэмыжхэр зэрахъуэкІ

«Кавказ» федеральнэ гъэзгуэзэмкІэ управленэм хьыбар к ькъзэрыдигъэщІамкІэ, Исльэмей, Нейтринэ жылагъуэхэр зэпызыщІэу Бахъсэнэпсым тельъ лъэмыжхэр зэрагъэпэщыжащ.

«ПРОХЛАДНЭ - Бахьсэн - Іуащьэмахуэ» федерал трассэм и 48-нэ, 85-нэ километрхэм хуэзэ гъэзгурщ Іуащьэмахуэ лъапэ уезышалІэр. Исльэмей деж тельлъмыжьыжьыр зэпкърахри, и бгъуитІым екІуэкІ къэхьхэр щІэкІэ яхъуэжащ, лъащІэр псы зыщІэзымышэ пкъыгъуэхэмкІэ къращІыкІащ, бетон зыкІэщІакІутахэр и Іэм ирагъэззэгъэжащ. Лъэмыж щІыпм иджырей мардэхэм тету тралъхьа асфальтыр темыльжьыкІыу зэман кІыхькІэ тельынущ. Апхуэдэу лъэмыжыр зыІыгъ гъущІ-бетон пкъыгъуэхэр кьэхьри гъэбыдащ, псыдзэ кьехьІи зэран хъуэмыхьуну. Полосауэ тІу зиІэ лъэмыжым и кІыхьагъэр метр 57-рэ, и бгъуагъэр метри 7,5-рэ мэхъу. Нейтринэ жылагъуэм хуэзэу тралъхьа лъэмыжми тель асфальтым рэ гидроизоляцэ пкъыгъуэмрэ елэжьащ. ЛъэмыжІми светоотражающэ, термопластик гъэзгу дамыгъэхэр ягъэуващ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Насыпыфіэщ жыхуаІэр аракъэ!

Гъатхэпэм и 8-м и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиемк и лэжьакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Къаскъуэл Мусэбий. Ар ящыщщ зи сабиигъэр зауэ нэужь илъэс гугъуэхэм хиубыдахэм - Абыхэм куэду къыхэкІащ зи адэжь щІыналъэм и зыужьныгъэм хьэлэлу хуэлэжьа, ноби зи зэфІэкІ хуэзыщІэ щІыху щІэрыІуэ куэд: еджагъэшхуэхэр, тхакІуэхэр, артистхэр, дохутырхэр, егъэджакІуэхэр.

МУСЭБИЙ и адэ-анэм бынибгъу зэдапІащ. Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкІуэу кьикІыжа адэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ я закъуэкІэ бынунэр зыхуей хуэгъэза хьунутэкъыми, нэхъ щыщІэкІуэтейхэр губгъуэм лэжьакІуэ дэкІыт, нэхъыщІэхэми зэрыс я льапсэм кьалэн зырызыхэз щьыльагъэсырт. Мусэбии тыншакъым - школым кьыщыдэхуэ е кьыщыатІыпщ зэмахьм хуэзфІэкІыр ищІэну колхоз губгъуэм итт. Сыт хуэдизу гугъу ехьми, щІалэщІэм а псор щьыгъупщэжырт, трактор е комбайн илъэгъуэ нэужь, абыхэм гъунэгъу захуигьщыным, ирилэжьынэм пищІ зэрыщымыІэм кьыхэкІыу.

Илъэсмей дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Къаскъуэлыр куэдрэ егупсысакъым кьыхихьыну Іэщ1агъэр зыхуэдэм - и хъуэпсапІэр щІым, техникэм хуеджэныр арати, ар щІэтІысхьащ зи хэщІапІэр Прохладнэ кьалэ дэт Тэрч мэкъуэмэш техникумым. Мусэбий ар кьиухуэ, кьигъэзэжри, я кьуажэм щыІэхэт «Къэбэрдей пльыжь» колхозым инженер-механикыу лэжьэн щыщІидзащ. И Іэщ1агъэм нэхъри хуэІэижь зищІын, и щІэныгъэм хигъэхьэн мурадкІэ, иужькІэ ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар екъуэлІэныгъэкІэ кьиухри, зы илъэс нэхъыбэ мылажьауэ, мэкъумэш хозяйствэм пыщІауэ Краснодар кьалэ дэт щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и аспирантурэм кІуащ. Зыхуеджэ Іэщ1агъэм дихьэх щІалэм еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІхэм ту кьыльатэнтэкъэ?! Аспирантурэ нэужьым ар а институтым щылажьэну кьагъэнэжащ.

Щ1ІэныгъэхэмкІэ и кандидат хуэдэу адыгэ щІалэм Краснодар Іэнатіэфі кьыщратыну кьыщІэкІынт, арщхьэкІэ, и гур здэщІы и адэжь хэкум 1976 гъэм кьигъэзэжри, жьыкІэ гъэкІыным пщІа и опытэ станцым инженеру уващ. Ильэс зы-тІу нэхъ дэмыкІыу, ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щылэжьэну ирагъэблагъащ, агромелиоративнэ институтыр кьызэІуаха нэужьи, техникэ ІэхъумкІэ и кафедрэм егъэджакІуэ ящащ. Иужькіэ, Мусэбий а институт дыдэм теоретикэ, прикладной математикэмкІэ и кафедрэм и доцент хъущ. А лэжьыгъэм пэрыту щІалэ гурыуэм пхигъэкІащ и докторэ диссертацэр. 1996 гъэм Къаскъуэлыр Іэнатіэ хэхащ хъэсэхэм псы зэрыщІагъэльадэ машинэхэм щыхурагъаджэ кафедрэм и унафэщІу. А Іэнатіэр Мусэбий илъэсиикІэ зэрихьащ. Мы зэманым еджагъэшхуэр мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щІыныкІэ кафедрэм и профессорщ.

Къаскъуэлым кьелъытэ Краснодар щыщІа лъэхъэнэри, и адэжь хэкум зэрыщІлажьа зэманри купщІафІэу щытауэ. Абы и щІэныгъэ лэжьыгъэхэр, кьигупсуса Іэмальщ1эхэр мыхьэнэ ин дыдэ зиІэу кьыщІэкІащ. Ахэр кьыщІагъэсэбэпащ мэкъумэш Іэхум пыщІа машинэхэр кьыщыщІагъэкІ, «Целиноград», «Вагъуэ плъыжь» заводышхуэхэм. Уеблэмэ, щІэныгъэлІхэр яхэтащ «Буран»-кІэ зэджэ хьэрш программэр зэхэзыгъэувахэми. А псом кьадэкІуэ кьыхэдгъэщынщи, мэкъумэш Іэнатіэхэм я техникэр мыкъутэу илъэс куэдкІэ лажьэным теуХуауэ Мусэбий кьигупсысахэр Самарэ кьалэм дэт «Прогресс» заводым мы зэманми кьыщагъэсэбэп. Кьаскъуэлым итхащ щІэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щІигъу, патенту 26-рэ иІэщ.

- Мусэбий нэхъыжьыфІу, сит хуэдэ Іуэхуэки чэнджэщэгъу кьытхуэхъуу кьыддолажьэ, - жеІэ техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, ежкапІэ нэхъыщхьэм и кафедрэм и унафэщІ Мыщхьуэжь Владислав. - Иригъажьэ ныбжьыщІэхэм ельыхьым хуэдизу ябгъэдэтщ- яхуэсакъыну, езым ищІэр зэрабгъэдилъхьым хуэщІэкъуу. КІуэарекъэ, щхьэх, ешхьэпІэхэр зымыщІэ цІыху жьыджэрщ, и лэжьэгъуэхэри сыт и льэныкъуэкІи кьыхуэзэрэщІ. И бынхэри тэмэму игъэсащ, цІыху хъарзынэ къаХэкІащ. Узынщэу, гукъеуэншэу ихьэс Іэджэкі и Іэнатіэм пэрытыну, куэдрэ дяпэ итыну Тхьэм жиІэ!

Къаскъуэлыр жьыджэру хэтщ КЪР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэ Іуэхуэхэм. ЦІыгуитІ фІыщІэр хъумэным, гъавэм зэрелэжь машинэхэр егъэфІэкІуэным теуХуауэ абы кьигупсысахэр ди республикэм и губгъуэхэм илъэс куэд щІауэ кьыщагъэсэбэп.

- Зэрыстудент лъандэрэ соцІыху Мусэбий, - жеІэ техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, профессор Тlэш Анатолэ, - илъэс куэд щІауи дызэдолажьэ. Гуэгу ку кабзэ-псэ кьабзэщ. Зэгъусэу Іэджэрэ дежьащ, конференц, зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм мызэ-мытІэу дяхэтащ. Бзэ Іэфі зыуРыпІь цІыхущ, зыхэтхэм пщІэ яхуещІ, ещхьыркабзэу, езыри кьалъытэ. И кьалэныр дагъэуэншэу егъэзащІэ, цІыухэм сэбэп сахуэхъуарэт жиІэу, зыпэрыт Іэнатіэм уэпэжу ежогъэгурыкІуэ ди ныбжьэгъуІ. И Іэщ1агъэм зэрыхъэпэжьым, и Іэнатіэр фІыуэ зэрилъагъэм, щІэблэм гугъу зэрызадригъэхьым и щапхъэкъэ и гъэсэхэнэр?! Абыхэм кьахэкІащ Іэщ1агъэлІ гъэзэджэхэр, щІэныгъэхэм я доктор, кандидат хъуэхэр. Уэхъуапэ хъунущ апхуэдэ цІыхум - и ныбжьым емыльытауэ, ар иджыри жьыджэрщ, сыт щыгъуи студентхэр кьепщІэкІащ, и гъащІэр зытриуху Іуэхум щІалэгъуалэ нэхъыбэ зэрыдригъэхьым яужь итщ.

УогъэщІагъуэ профессорым жэрдэмышхуэ зэрыхэлъыр, абы игъэзащІэ Іуэхуэхэм я куэдагъэр. Студентхэр зэрыригъаджэм я мызакъуэу, ар жьыджэру хэтщ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и щІэныгъэхэмкІэ и министерствэм и щІэныгъэ-хъуэктакІуэ лабораторэм и унафэщІщ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри и пщІэ дэлъщ.

И Іуэхущ1афэ дахэхэм папщІэ Къаскъуэлым диплом, щІыхь тхылъ зэмылІэужьыгъуэу къратар куэд мэхъу. Апхуэдэу ар мызэ-мытІэу и лауреат хъуащ ВВЦ-м - нэхъапэм ВДНХ-кІэ дызэджэу щытам.

- КъаскІуа гъэзгуанэм сриплъымэ, Іэфіу сигу къызогъэкІыж сезыгъэджахэр, щІэгъэкъуэн пэж къыскуэхуахэр, - жеІэ езы Мусэбий. - Краснодар аспирантурэм сыщыщІэсам хуабжьу я сэбэп мызэкІащ академикэу Лукьяненкорэ Хаджиновымрэ, диссертацэр щыстхьам си унафэщІу щыта Щербинэ Пётр сымэ. И ахърэт дахэ Тхьэм ищІ, зифІ слъэгъуа, ди ефкапІэм и япэ ректу щыта ФиІэпщэ Бориси. Си нобэрей лэжьэгъухэмри си унафэщІхэми сахуэзэрэщІ - зы унагъуэфІым хуэдэу дызэбгъэдэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и унафэщІ Апажэ Аслъэн къетхьэжьэ Іуэхущ1эхэр кьыздеІыгъри, абы папщІи фІыщІэ щІхьэхуэ хуэфащэщ.

Мусэбий иІэщ1 уэзэхъуапсэ хъун унагъуэ дахэ: и щхьэгъусэ Соблыр Людмилэрэ абырэ бынищ зэдапІащ. Нэхъыжьыр, Мурат, МКъУ-р къыуаухэу ядернэ фізикэмкІэ Іэщ1агъэлІщ. Пкъыгъуэ нэрыкьыльагъуэкІи я деж кьыщыкІуэкІхэм теуХуауэ абы иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэ ин зэрапІэр, ди къэралым и мызакъуэу, США-ми Канадэми къыщащІыьтащ. Ипхъу Залинэ дохутырщ, ординатурэр Мэзкуу къыщыхуауэ абы дэт клиникэхэм ящыщ зым щолажьэ. Щ1алэ нэхъыщІэр, Аслъэн, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатым и дэІэпыкъуэгъущ, МГИМО-м и егъэджакІуэщ, спортсменщ, дзюдомкІэ спортым и мастерщ.

Мусэбий хуэдэхэракъэ насыпыфІэ мызакъэр: цІыхубзм я сэбэп зыхэлъ Іэнатіэ пэрытмэ, щІэныгъэ куу бгъэдэлъу щІэблэр игъасэмэ, зыхэт гупым щІэ кьыщыхуащІмэ, и бынхэм я ехьулІэныгъэм иригуфІэу дунейм тетмэ?! Тхьэм кьыхуэзэщІ!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

• Юбилей

Хахуэу зауэм хэтэ си адэ Данил

Ди къэралми хамэ щIыпIэ куэдми мы гъэм щыдогъэлъапIэ 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ ильэс 75-рэ зэрырикъу. Совет цIыхубэм а фIыгъуэ иныр къахуэзыхьахэм ящыщщ си адэ Хужьокъуэ Данил Хьисэ и къуэр. Ди къэралым и щхьэхуитныгъэм, дунейпсо мамырыгъэм и псэ емыблэжу щIэбэна совет зауэлIхэм яхэту, ари бийм пэщIэувауэ щытащ.

Хужьокъуэ Данил (1914 - 1975)

Хужьокъуэ Руслан

АРУАН районым хыхьэ Къэхъун къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ си адэ Данил. Хэку зауэзэкIэ щыщIидзам щыгъуэ, абы ильэситI хъуауэ дзэм кIуплькIу щищIэрт къэралым и къухьэпIэ гъунапкъэхэм. Адыгэ щIалэр хуэIэкIуэлъакIуэт зауэ хуэIухуэщIэхэм. Ди адэм кIуплькIу щищIэ 86-нэ топгъауэ полкыр дапщэщи хальытэрт зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ ди гъунапкъэхъумэхэм. Минск областым хиубыдэ Заславль къалэм къикIри, фашистхэр къыщыттеуа пщэдджыжьым 86-нэ полкыр бийм пэщIэуващ. Къаруухэр зэхуэдэтэкIым, итIани, ди зауэлIхэм мызэмыгтIэу «Іуадзащ» биидзэр къызэбгъэрыкIуа гъунапкъэм. 1-нэ батареем и топгъауэ Іэзэ Данил и ныбжьэгъухэм я гъусэу псэемыблэжу щIэбэнэрт Хэкум и зы щы ІэгупIэми. Ди зауэлIхэм ящыщ дэтхэнэри хьэзырт фIыуэ ялъагъу къэралыр: Хэкур, щалъхуа щыналъэр, я унагъуэхэр нэмыцэдзэ ерум щахъымэну.

Ди адэм жилэжу зэрыщытамкIэ, зауэ гуащIэхэр иращылIэу мазищкIэ мэзищхэм япэщIэтэ нэужь, ар зыхэта полкыр Белоруссием и псыпцIэ мэзхэм ящыщ зыбм къэухъуреиныгъэ тIуащIэм щихуащ. ЗэрыпхъуакIуэхэм я ялэ къэухъуреиныгъэ линиер хэщIыныгъэшхэр яIэу кIуэщIрыттхьа щхьэкIэ, псыпцIэм «и къапхъэным иубыдауэ» къыщIэкIащ ахэр. Бимшэм ихьам нэмыщI, зауэлI дапщэ щIилъэфа а щэдыпъэ угъурсызым. Гугъуехь куэд зи фэм дэкIа ди адэм къызэриуэтэжамкIэ, топхэр къызэрырашкIыщу щыта шыхэр псыпцIэм щалъагъури, абыхэм фашистхэр яхэуэу хуежьат.

- Бийм апхуэдизу Іуву къаутIыпщ автоматышэхэмрэ топышэхэмрэ дауи дыкъела?! - игъэщIагъуэу жилэжьрт ди адэм, а зэманым щытепсэлъыхьыжкIэ. - Нэмыцэхэм хьэ гъэсахэр къагъэсэбэнэрэ щIыпIэр зэрыхуакIэ щIапщытыкIырт, гу зыльтэуи зы цIыхуи зыши къагъанэртэкъым. Нэмыцэхьэхэр гъунэгъу къызэрыхьуу, сэ псым зыщIэсIубащ икIи, жьы Іурыхьэгъуэ зззгъэгъэтурэ, шынагъэр щхьэщыкIыху псыпцIэм зыщысIыгащ. Апхуэдэу ящIауэ къыщIэкIащ нэгъуэщI зауэлI зыбжанэми. Бий бзаджэр тщхьэщыкIуэта нэужь, дэ дызэдэIэпыкъужрэ псыпцIэм дыкъыхэкIжащ икIи кхъухьэпIэмкIэ дунэтIащ, фронтым дыхуэкIуэ. Куэд дэмыкIыу дрихьэIащ икIи дахьыхащ белорус къутыр гуэрым пэгъунэгъуу зыщцызыгъэбыда партизанхэм. Апхуэдэу сэ сыхъуащ партизан гупым и тIасхъэщIэх. Дэ и унафэм дыщIэтт ижькIэ Совет Союзым и ПIыхьжь хъуа Балицкий Григорий. Нэхъ ижькIыуэкIэ дыхагъэхьащ Совет Союзым тIэунейрэ и ПIыхьжь, генерал-майор Фёдоров Алексей зи унафэщIу щыта Чернигово-Волынскэ партизан зэгуэхэныгъэ иным.

А партизан гупым хэту зауэ гъуэгуанэ кIыхь эпичащ ди адэм. Ар щыIэуащ Белоруссиеми, Украинэми, Орёлрэ Брянскрэ я Іэшэлъашэхэми, бийм и цIыбгагъ къыдэту. Данил зыхэт партизан гупыр нэхъ пыщIэзехьэхэм хабжэрт. Къэхъурт гупым и закъуэ мин бжыгъэ зыбжанэм нэс биидзэ щигъэкIуэтыщ. Нэмыцэхэм я къаруухэр «зэщIаIулIэу», я ящрэр зэтракъутэу, партизанхэр щIэх-щIэхьурэ теуэрт бийм зыщигъэбыда щIыпIэхэм, къагъауэрт Іэщэ зэрыпIу фронтым хуагъакIуэ мафIэгухэр. 1942 гъэм и накъыгъэ-мэкъуэуэгъуэ мазэхэм я закъуэ апхуэдэ мафIэгу Іэщэ зэщIэуэдауэ 10-м щIигъу къагъэуауэ щытащ ди адэ Хужьокъуэ Данил зыхэт партизан гупым.

Жэуаплынигъэ ин зыпылъ нэгъуэщI лэжьыгъэхэри дзыхь кхъухуащIырт Данил. Ар хъурт тIасхъэщIэхи топгъауи, телефон кIапсэхэри иукъуэдиифырт, лъагъымхэр щIэлъхьэнми хуэIэзэт. Апхуэдэ къалэнхэр игъэзащIэу ар щыIэзауащ Брянск областым, Украинэм, Белоруссием. Гомель деж и закъуэ ар зыхэт партизан гупым зэман кIэщым къриубыдэу зэкIэлъхьэужьу кхъущагъэуауэ щытащ мин бжыгъэкIэ бий зауэлIхэр зэрыс, Іэщэхэр, щэхэр зэрылъ эшелон 13.

1943 гъэм и гъэмахуэ - 1944 гъэм и гъатхэ лъэхъэнэм Фёдоровым зи пашэ партизан зэгуэхэныгъэм ирагъэкIуэкIауэ щытащ «Ковель мафIэгу гъэзугъэхэкIыпIэ» («Ковельский узел») фIэщыгъэр иIэу тхыдэм къыхэнауэ щыта операцэ иныр. Бийм и мафIэгухэр къэзыгъэуа гупхэм ящыщ зым и пашэр ди адэ Хужьокъуэ Данилт. Партизан зэгуэхэныгъэм и гупхэм нэмыцэдзэм хэщIыныгъэ инхэр иратауэ щытащ а зэманым. Бийм и зауэлIкIэ, ІэщэкIэ, техникэкIэ, гъэсныпхъэкIэ зэщIэуэзда нэмыцэ эшелон 549-рэ къагъэуауэ абы щыгъуэ партизанхэм. Ди адэм жилэжу зэрыщытамкIэ, партизан зэгуэхэныгъэм и унафэщI Фёдоровыр псэзэпыпхъэпIэм къыщириоаи щыIащ абы. Зэхэуэ гуащIэхэр екIуэкIыу, партизан штабым зы нэмыцэ зауэлI кхъущIэзэрыхьащ икIи и автоматыр Фёдоровым триубыдащ. Фашистым кIакхъур щIичыну хунэмысу, а тIум я зэхуакум зыдидзащ ди зауэлIхэм ящыщ гуэрым, бгъэгукIэ Фёдоровыр ихъумэу, икIи уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Апхуэдэ лIыгъэ къызыкъуэкIар ди адэ Хужьокъуэ Данилт.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Хужьокъуэм кхъухуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Германием дызэрыпекIуам папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри.

Зауэ нэужьым щалъхуа щыналъэм къиубзэжащ ди адэм. Ар жьыджэру яхэтащ бийм зэхихьэта щIыхуфэ хозяйствэр зэфIэзыгъэувэжахэм, Къэхъун къуажэм щызэхэт колхозым, ижькIэ Нарткъалэ и химзаводым хьэлэлу щылэжьащ.

Ди адэ Данилрэ ди анэ Зэмилэнрэ бынунагъуэшхуэу щытащ. Я унагъуэм кхъухуа бынхэм ящыщ дэтхэнэри абыхэм дыхуауащIащ дахагъэм, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ тхэлъу дыкъаугъэтджащ. Сэ сыкъапщтэмэ, илъэс 45-м нэсауэ сролажьэ электрик Іэщ Іагъэм. «Ростелеком»-м сыщыIэу пенсэм сыкIуащ, ауэ ноби Іэщ Іыб сщIакъым фIыуэ сльагъу си Іэщ Іагъэр. Сэ схуэдэу, адрей си анэкъилъхуэхэри зыхуэИ дыхуагъэзащ адэ-анэм, дыззэрипсэун Іэщ Іагъэрэ щIэныгъэрэ дагъэгъуэтащ, ГъащIэм лъэ быдэкIэ дыхагъэуваш.

Ди адэр щыгуфIыкIырт ди екъулIэныгъэ дэтхэнэми, ди гур игъэфIырт, ди лъэр жан ищIырт. Зауэм кхъриха фэбжьхэмрэ гугъу зэрыщекъамрэ лъэужьыншэу кIуэдакъым: абыхэм куэдрэ зыкъырагъэщIэрт. 1975 гъэм ар дунейм екъжащ. Лыгъэжьыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм хэта ди адэм и фэе плъыр дохъумэ абы къыщIэна и бынхэм, дэ къытщIэхъуэ щIэблэ узыншэм.

ХУЖЬОКЪУЭ Руслан.
Къэхъун къуажэ

75 Лыгъэм и щапхъэ

***Бий гущIэгъуншэм псэемыблэжу щыпэщIэт, я щIыналъэм зэрыхуэпэжыр, къыдалъхуахэм хуаIэ лъагъуныгъэр щагъэунэху зэману щытащ жэщ-махуэ 1418-кIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэр. ТекIуэжь лъэпкъым щыщу щIалибгъу 1941 гъэм зауэм кIуащ. Ахэр Щэуал, зэкъуэшхуэ Данилрэ Куржырэ, МуIэзин, Мухьэрбий, ПыгтIэ, зэкъуэшхуэ Мухьэрбийрэ Хьэутийрэ, Япун сымэщ. Дэтхэнэми, Хэкур бийм щихъумэу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрихьащ. А щIалэхэм ящыщу биишэм къелу къэзыгъэзэжар Щэуал и закъуэщ. ХэкIуэдахэм я фэелIыкIыр зыми тщIэлъущэрэ, ЛенинмкIэ, ауэ мы тхыгъэм зи гугъу щысщIыну къызыхуейр Берлин нэсу ТекIуэныгъэ Иныр къэзыхьахэм ящыщ ТекIуэжь Щэуалщ.*

ТЕКIУЖЬ Щэуал Хэкум къулыкъу хуищIэну Дзэ Плъыжьым 1928 гъэм хыхьащ. Зы илъэс дэкIри, и Іыхьлыхэм кхъухэтхащ Арщыдан къуажэм колхоз зэрыщащхуамрэ абы и унафэщIу и адэ къуэшым и къуэ ТекIужь Цу зэрыхахамрэ.

Дзэм къулыкъу щызыщIэу къэзыгъэзэжа Щэуал кхъажэ колхозым егупгъуэу лэжьэн щыщIидзащ. ЩIалэ къарууфIэм и къалэнхэр дагъэунэшу зэрызэфIагъэкIым гу кхъулъатэри, мэкъумэш бригадэм и унафэщIу мыгувэу яГъуэащ.

КъыщэрапIуэтэжьмкIэ, колхозым зиуэзащIырт, Хэку зауэшхуэм и пэ зэманым ар районым щынэхъыфI дыдэу кхалъытэрт. МэкъумэшыщIэхэм я зэпеуэхэм Щэуал и бригадэр сыт щыгъуи щыпэрыт. Ауэ хуэд щыIэу арщыдандэхэм я мамыр лэжьыгъэр Совет Союзым кхьытеуа фашист зэрырихъуэжьыгъэхэм къызэпаудащ. ТекIужьымрэ абы и кхуажэгъэхэмрэ Хэкум и щхьэхуитныгъэмрэ мамыр псэукIэмрэ щIэзэуэхэм ящыгъуэу дэкIащ.

Щэуал зыхэт Къэбардей-Балъкъэр 115-нэ шу дивизэм къагъэлъэгъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ дэнэ щIыпIи щызэлъэщIыса хъуат. ИужькIэ фочауэ полкым хэтащ, Украинэм, Бессарабием, Румыниием, Польшэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм лIыгъэ щызэрихьащ.

ТекIуэныгъэм Берлин щыIущIа-хэм ящыщ ТекIужь Щэуал 1946 гъэм къуажэм къитIэзэжащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ Хэку зауэшхуэ орденыу и етIуанэ нагъыщэр, медаль зыбжанэ абы и бгъэм кхъухэлыдыкIырт, Германием зэрытекIуам папщIэ дамыгъэри хэту. КъищынэмыщIауэ, Сталинымрэ Жуковымрэ я фIыщIэ тхьылъэр кхьухуагъэфэщат. МащIэу зэфIагъэувэжьыну хунэсами, зэтракъута колхозыр абы япщIыкIэ кхьухуэцIыхуужьакъым.

ЩэуалI и къуэш ЦутIэ коммунистт икIи къуажэ Советым и унафэщIу лажьэрт. Ар революционер жыджэру граждан зауэм зэрыхэтам икIи ныкъуэдыкъуэ зэрыщIхъуам кхьыжкIкIэ Хэку зауэшхуэм кIуэфатэкъым. Нэмыцэ зэрыпгъэкIуэхэр кхуажэм кхьыщIсам ЦутIэ яуклащ. Мазэ зы-тIу нэхъ дэмыкIыу, кхьытепсыха гуэзвагъуэ хьэлъэр хуэмышIэну, и щхьэгъусэри дунейм екьжащ.

А псор ЩэуалI хъыщIыкрапIэм и гум сэ кхьыхаIуам хуэдэу зыхиущат. И къуэшым кхьыщIэна и къуищыр ЩэуалрэI и щхьэгъусэ Кулэрэ зрашэлIэжащ. Апхуэдэу абы и бынитхум кхахэхъуащ и къуэшым и бынищри. Зэщхьэгъусэхэм яхуэзэфIэкIащ ахэр гъэ быдэкIэ гъащIэм хагъэзэгъэн.

А зэманым, дауи, тыншу щытащ. Къуажэхэмрэ кхалъхэмрэ зэтекъутат, мэжащIалIагъэр дэни щытепщэт, мэкъумэш техникэр яхурикъуртэкъым - псори щIэрыщIэу яхыщIадзэжьын хуей хъурт. Ауэ цIыхухэр сыт хуэдэу лажьэрэт! �щэуалрэI адрей арщыдандэс цIыху щэ бжыгъэхэмрэ сыт хуэдиз къару ирахъэлIа кхуажэ колхозыр зэфIэгъэувэжьыныр зэрыфIэкIуэныр? Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, абы ипсыхьа ЩэуалI къиргъэзэжа нэужь псэуКIэщIэр зыухуэ щIалэгъуэалъэм пашэ яхуэхъуащ. Зауэ нэужьым гъавэгъэкIхэм я бригадир ТекIужьым и пащIэнтIэпс куэд хилъхьащ гъащIэр зэтеуэхуэжьыным. Ар и къарум къихьыхункIэ лэжьыгъэм хьэлэлу пэрытащ икIи и Іэужьы-фIыр псэкIуэдэ хъуакъым. ТекIужь ЩэуалI зыхэлэжьыхьа, Лениным и цIэр зезыхьэ хозяйствэр зэфIэкIышхуэ зиIэ, къэрал псом щыцIэрыIуэ мелуаныфыбжэ колхоз хъуат. Ар илъэс 20-кIэ мэкъумэш бригадэм и унафэщIу лажьащ. Абы пщIэшхуэ къыхуищIу щытащ колхозым и унафэщI, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, Социалист Лэжьыгъэм и ПIыхьжь Тэрчокъуэ Къамболэт. ЛIы Іущым фIыуэ я къыгурыIуэрт ЩэуалI хуэдэхэр хозяйствэр сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ лэжьакIуэу, абы и купщIэу зэрыщытыр.

Адыгэхэм я щIэблэр я адэ-анэм лъагъуныгъэ хуаIэу, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу къагъэхъуэ. ЩэуалрэI Кулэрэ мыпсэужми, нобэр къыздэсым я бынхэмрэ абыхэм кхащIэхъуэхэмрэ дадэ-нанэр ящыгъупщэрхьым, фIыкIэ ягу къагъэкIыж.

Я къуэ нэхъыжь Бидонэ �щэуалI и лэжьыгъэм пищэжащ. Илъэс 45-кIэ колхозым хэтащ, Іэщ фермэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Абы къыкIэлъыкIуэ Владимир бензин къезышэкI автомашинэм и шофёру илъэс 48-кIэ лэжьащ. Япхъу Римми и зэрыкIэкъым �щэуалрэI Кулэрэ иригушхэу щытауэ жаIэж. Ар пщIэрэ нэмысрэ иIэу дэрбзэру илъэс 39-кIэ лэжьащ, Лидэрэ Мерэтрэ унэгуащэти, бын тхурытху ГъащIэм лъэ быдэкIэ щагъэуващ. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, Бидонэ, Лидэ, Владимир сымэ дунейм екъжащ.

ТекIужьхэ �щэуалрэI Кулэрэ къащIэхъуа бынхэм нэрыбгэ 50-м нэблагъэ къатепщыкIыжащ. Хэкур ихъумэу зи щIыналъэм и къэзыгъэзэжа лIыхъужьым апхуэдэ щIэблэ дахэ къыщIэхъуащ. �щэуалI ахэр и гуфIэгъуэу икIи и гугъапIэу щытащ. ЗауэлI хахуэм и гугъэгуанэ дахэм пызыщэн, абы и цIэр щIэблэ куэдым я дэж нэзыхьэсыжьи унагъуи къызэрыщIэнар гуапэщ. Псом хуэмыдэу ЩэуалI иригушхэрт и пхъурылъху Альберт ешьм и лъэужьым ириклэн мурадкIэ Еременко А. И. и цIэр зэрихьэу Орджоникидзе дэт, Бэрэкъ Плъыжь орденыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща дзэ училищэ нэхъыщхьэр къиухыу Хэкум и хъумакIэ зэрыхъуам.

ЛIыгъэм и щапхъэ нэс къэзыгъэлъэгъуа ТекIужь �щэуалI и щIэблэм гъащIэм къалэн нэхъыщхьэу щызыхуагъэзывэж апхуэдэу пэжыгъэкIэ Хэкуми цIыхубэми ябгъэдэтыну, нэхъыжьыфIым хэзфащэу псэуну. Ди адэшхуэ-анэшхуэхэм, нэхъыжьыфIхэм гугъу зыщIрагъэхьар, я къару, я псэ щIемыблэжар къащIэхъуэ щIэблэм дахагъэр, цIыхугъэр, мамырыгъэр я ГъуэзэУ, насыпыр я Іэпэгъуэу дунейм тетныырц. Абы къыхэкIыу хуабжьу гуапэщ 2009 гъэм республикэ дзэ комиссариатым и къэкъкIэ ТекIужь �щэуалI сынышIэ зэрыхуагъэувар. Ар и щыхьэтщ ди нэхъыжьыфIым зэрихьа лIыгъэмрэ зэфIиГъэкIа лажьыгъэшхуэмрэ зэращымыгъупщэм.

Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэ Инкъэ зэриухрэр илъэс 75-рэ зэрырикъур ди къэралым и дэнэ щIыпIэми Іэтауэ щагъэпытапIэ, мамырыгъэм зи псэ щIэзэытахэр ягу къагъэкIыж, ветеранхэм пщIэрэ щIыхьрэ хуащI. Ауэ, гум щIокъ дунейр зэпэтауэ щыта гуэзвагъуэ иныр, мафIэ лыгъэйр ящыгъупщэжа хуэдэ ноби ди нэгу щIэкI мыхъумыщIагъэхэр, Іэщ Іэкъ зэрызэпэщIэуэвэр, абыхэм цIыхухэр зэрызэкIуадэр. Быдэу си фIэщ мэхъу щIыналъэхэм щыпсэу цIыхухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку пщIэрэ мэзаехэрэ дэлъу, зэгурыIуэу упсэуным нэхъыфI зэрыщымыIэр цIыхубэм кхаазэрыгурыIуэнур икIи дунейм мамырыгъэр щытепщэ зэрыхъунур. Щрекъмыlэ зэи зауэ!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Урысей гвардие

«Хэкум и къежьапIэр»

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща «Хэкум и къежьапIэр» Іуэхум ипкъ иткIэ, Урысей гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным теухуа зэIущIэ.

НАЛЪШЫК къалэм дэт школ-интернат №1-м щыIэзэхэта зэхуэсыр кхьыз-Іуихащ Урысей гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и хьыбарегъащIэ ІуэхущIапIэм и унафэщI Лыкъуэжь Маринэ.

Хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щызыхъума, щIэблэм мамырыгъэр тыгъэ кхыт-хуэзыща ди ветеранхэм псалъэ гуапэкIэ захуэзгъэзэну сыхуейт. Фэ лIыгъэрэ хахуагъэу а зауэм щывгъэлъэгъуар ди щапхъэу дыкъоГъэгурыкIуэ. Ар зэш тщымыгъупщэу ди гум илъынуц, кхытщIэхъуэ щIэблэрэ щIэтпIыкIынущ зауэ хэыбархэм, - жиIащ Лыкъуэжьым.

Школ-интернатым и гъэсакIуэхэм хьэщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэща концертыр нэжэгужэу екIуэкIащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэмылэнджэж адыгэлI

Волгоград дэт тхылъ тедзапIэм 1962 гъэм къыщыдэкIауэ щытащ генерал Морозов Иван «Полки сражались по-гвардейски» зыфIищащ и тхылъыр. Абы псалъэ гуапэ щыхужиIащ ди хэкуэгъу, Тэрч районым хыхьэ Хьэмидей къуажэм и къудамэм, взводым и унафэщIу щыта Къудей Хьэрун Аскэр и къуэм зауэм лIыгъэ щызэрихьам теухуауэ. Морозовыр езыр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм 422-нэ фочгъауэ гупым и унафэщIу щытащ. Абы и тхылъыр етIуанэу 1976 гъэм къыдагъэкIыжащ, «От Сталинграда до Праги» фIэщыгъэр иIэу...

Къудей Хьэрун

КъУДЕЙ Хьэрун юридическэ еджапIэр кIуихри, 1942 гъэм республикэм и прокуратурэм и ІэнатIэхэм щылэжьэн щIидзат. Мыгувэу армэм ираджэри, зауэ ІэнатIэр зищIысыр япэ дыдэу щызыхищIащ Сталинград дежь. Абдеж ар взводым и унафэщIу хъуащ.

«Взводым и унафэщIу щытар адыгэ щIалэ, гвардием и старшина Къудей Хьэрунщ. Абы и гупым къулыкъу щащIащ урысхэм: КъуэкIыпIэ Жыжьэм, Сыбырым, Поволжьем щыщхэм. Дэтхэнэри хьэзырт я Хэкум папщIэ лIыгъэ зрахьэну, - щитхыт Морозовым и тхылъым. - Зи Іэщ ІагъэкIэ юрист Къудей Хьэрун Хэкур гуэзвэгъуэм щыхэхуэм, зауэм дэмыкIыну хуитныгъэ иIами, Гроэнэ псалъэ зэт лъэсырызекIуэ еджапIэм щIэтIысхьащ. И гуащIэгъуэ дыдэти, куэд дэмыкIыу курсантхэри ираджащ Хэкур яхъумэну. Хьэрун щызэуащ Сталинград и дежи, Дон Іус Ростов, Орёл, Курск, Белгород, Харьков къалэхэм я Іэгъуэблагъэхэми».

...Къудейм и взводым хэтхэм егупгъуу загъэхьэзырт зи Іуфэхэр лъагэу я кIыхьыжьхэщIт Донец Ищхъэрэ псым зэпрыкIыну. Абыхэм къапэщIэтыр лейтенант фон Шульцер и гуп зэщIэгъэуIуарат.

Хьэрун и взводым къалэн щащIащ псыежэхым зэпрысыкIыу адрей ІуфэмкIэ зыщагъэбыдэжу, ротэм и къару нэхъыщхьэхэр зэпрыкIыухнкIэ.

«А къалэныр взводым зэрыхуэгъэзащIэм елытауэ щытынущ полкым и мурадхэр къэхъулIэныр, - къыхигъэщащ ротэм и командир капитан Кужеевым. - Донец зэпрыкIыным сыхьэтитI иIэт иджыри. Къудей Хьэрун зауэлIхэр щIыгIым щызэхуиIэсри, кIэщIу яхуиIуэтащ къапэщIыль къалэнхэмрэ бийм зэрытеуэну щIыкIэмрэ. Нэху мыщ щIыкIэ, абы аргуэру и зауэлIхэр къызэхикIухьащ, иущиящ: «Псори дыкоммунистщ икIи комсомолым дрилэжьакIуэщ. Партым къыхэхуигъэфэща къалэныр тхуэгъэзэщIэныр сэлэтым и щIыхьыр зыIэтщ».

Пщэдджьжьым пшагъуэ Іувым хэту Хьэрун и унафэм щIэт гупыр щэхуу псым зэпрыкIри, нэмыцэхэм ятеуащ. Сержант Новиковым и къудамэм бийм и пулемётхэр зэтрикъутэри, псыIуфэм и ищхъэрэкIэ къебгъэрыкIуа нэмыцэхэр Іуидзыкащ. Гвардием и старшинэ Къудейм и взводым лейтенант фон Шульцер и гупыр зэтриукIащ, ижькIэ бийм адэкIэ щигъэхъэзыра етIуанэ щытIми теуащ. Бийм фIэкIуэда щытыпIэхэр къизэужьну хущIэкъуми, гвардием и капитан Кужеев Василий и ротэм хэт зауэлIхэм япэлъащIыртэкъым.

Къудейм и гупым и уж ИТУ, нэхъ сэмэгурабгъумкIэ егъэщIагъэ, лейтенант нэхъыжь Скомяков Иван и ротэми бийр зэтрикъутэу кIуэцIрыкIырт. ЗауэлIм къахьихьэрт гвардием и капитан Ярков Николайрэ лейтенант нэхъыжь Антонов Андрейрэ я батальонхэри. ЗэрыкIуэм хуэдэу, бийр зэбградзырти, ипэкIэ кIуатэрт. Хьэрун и взводым сыхьэтитI-щым и кIуэцIкIэ кьиГъэлъэгъуа лIыгъэм и фIыгъэкIэ Донец Ищхъэрэм зэпрыкIат гвардием и майор Титаренкэ Степан и полк псор.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Украинэм ищIхэмкIэ, Харьков къалэм и пIэныкъуэкIэ, икIуэтырт. А зэхэуэхэми Хьэрун и гупыр къыщIыжаныкIащ. ИпщэмкIэ кIуэурэ абыхэм гу лъатащ мэз лъэныкъуэмкIэ бийр къыхэуклыурэ ди танкхэр зэрызэтракъутэм. КъызэрыщIэкIамкIэ, гъэгум и ижьырабгъумкIэ бийм я «фердинандищ» жыг къаугъэхэм къуагъэпщкIуэу я хэтт. Къудейр куэдрэ мыгупсысэу, Новиковымрэ Першинымрэ я къудамэхэм унафэ яхуищIащ кIуэцIрыпщу ахэр яубыдыну. Ипэ гупым и кьалэнт ижьырабгъумкIэ хэт танкым ебгъэрыкIуэу абы исхэр зэтриукIэну, етIуанэм - ику ит «фердинандыр».

«Ещанэ къудамэмрэ лагъымщIэхэхэмрэ сэ сщIы-гъуу адрейм дытеуэнущ!» - дыщIигъуащ езы Хьэрун.

Къудейм танкым и командирым пщэрылъ щищIащ и пIэм имыкIыну, нэмыцэхэр щикIуэткIэ еуэну.

Метр 500 хуэдизкIэ пщащ зауэлIхэр икIи бийм пэгъунэгъуэ хьуащ. Къэхъуар къагурыIуэну хуэмышIэсу, ахэр фашистхэм я топгъэуэхэм ятеуэри, езыхэм хэщIыныгъэ ямыIэу яубыдащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ арат «фердинандри» 3-р зыIэригъэхьэу, абыхэм совет танк Т-34-р къабгурыпту къащыкIуэцIрыкIыжам.

..Сыт хуэдиз гъуэгуанэ зэпача Сталинград къащыщIэдзауэ Украинэм нэсыху! Зауэ дапщэм пхыкIа ахэр! Бийр зэрыщытам хуэдэу лъэпсэхьэжтэкъым. ИкIуэтырт! Вергелевкэрэ Муромрэ я ищэ, и пщэ - къухьэ пIэхэмкIэ бийм щытеуэри, Къудейм и взводым нэмыщI зэрыпхъуакIуэ штабыр икъутащ. ИужькIэ радиомкIэ хъыбар зэбграгъэхащ: «Нэмыщэ офицеру 20 яуклащ, штабым и взвод хъумакIуэхэр зэтракъутащ, автомашинэу 6 ягъэсащ...» Абы кIыкIэльыкIуащ нэгъуэщI хьыбарегъащIи: «Дыгъуасэ Урысеймрэ Украинэмрэ я гъунапкъэхэр зэпыдупщIащ, ди къуэшхэм я щIым дынэсащ».

Зэхэуэ гуащIэхэм я зым хэтауэ, Харьков псыежэхым и щIым ящыщ Іутхэм зыщагъэпсэхурт гвардием и старшинэ Къудей Хьэрун и гупым хэт зауэлI зыбжанэрэ партизанхэмрэ. Бийм я лъэсырызекIуэдзэм я штабыр зэтракъутауэ я полкыр къыIухьэным ахэр пэпльэрт, щIэуэ къалэн къратын папщIэ. Хьэрун унафощI ахъыРзэман къызэрыхэкIам шэч хэлъэтэкъым. Белгород и Іэгъуэблагъэм, Донец Ищхъэрэ и Іуфэхэм, апхуэдэу хахуэу ди зауэлIхэм бийр щыхагъэщIащ.

- Плъагурэр ар зэрыхуар, - пищащ щыму тIэкIурэ щыса нэужь я дзищым - лъэсырызекIуэу тIурэ танк гупу зыирэ - Донец Ищхъэрэ дэж ди гупыр щаудынышIэн я гугъащ. Иджы езыхэм я псэр яхьыж.

- Уэахуэщ, старшина, - жиIащ тIасхъэщIэхым. - Жан хъэщащ ахэр.

- Ауэ Іэмал имыIэу щIэпхъуэжьын хуей хэунущ ахэр, мафIэ лыгъэм я щхьэр халъхьэну хуей ахэр?! - дыщIигъащ Къудейм. Абы ирихьэлIэу майор Титаренкэ къыIуахащ. ЗауэлIхэм я екъулIэныгъэмкIэ екъуэхъуа нэужь, къалэнышIэ пщэрылъ ящищащ: биим я къарур тIасхъэ хъуа щыIэ-кIэ я щIыбкIэ кьекIуэкIыу къаувыхьыну.

Армэм и унафэщIхэм нэхъыбэ ящащ бийм зэрезэуэну я къарухэр - танкым пэщIэт полкрэ подполковник Богушевичым и артбригадэмрэ я къигъэуври. Гвардием и лейтенант Ипатенкэ Николайрэ старшина Къудей Хьэрунрэ я тIасхъэщIэхэм бийм и дзэ гуп здэщыIэ щIыпIэхэр къагъэнэIуащ. Лейтенантым Даниловкэ ИнымкIэ хъыбар кьищытырт я ипщэIуэкIэ танк 60-рэ лъэсырызекIуэ полкрэ зэрыщыIэр кхьухэщ. Къудейм къызэрыщIигъэщамкIэ, Шевченкэ кхуажэм и ищхъэрэкIэ щыст нэмыцэ лъэсырызекIуэ гупитIрэ танк 20-рэ.

ЩыщхъэуIум и 11-м сыхьэти 8-м ахэр ебгъэрыкIуащ бийм. Абыхэм кIэлъагъэущ «катюшэхэм» я топхэр икIи майор Медведев Иванрэ подполковник Скирут Григорийрэ я полкхэм яГъэзащ Циркуны жылагъуэмкIэ.

Къуэкий ехьпIэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, 233-нэ полкым и кум иту заузрт гвардием и капитан Кужеев Василий и ротэр. Абы хэтт старшина Къудей Хьэрун и тIасхъэщIэх взвод щIэрыIуэри.

Адыгэ лъэпкъым я къуэ пэж Къудей Хьэрун и взводым хэта лIыхъужь куэд зэкIуэдащ зауэм. ЛIы хахуэ Хьэруни уIэгъэ хьэлъэ хъури, сымаджэщым щIэхуащ. Абы и ужькIэ ар зэ щхьэхэкIыжащ. Къудей Хьэрун и лIыгъэм къыпкIуащ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэмрэ медалхэмрэ.

Зауэм къыхэкIыжа нэужьи, Іэхунщэу ар щысахъым. И щIэныгъэр къыгъэщхьэпэжащ, щIэпхъаджагъэм пэщIэту лажьащ. Ар ягъэуват Тэрч районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуэ. Іэхуэм фIыуэ хэзыщIкI Хьэрун абдеж зыкъыщигъэльэгъуащ и Іэщ Іагъэм хуэпэжу, гугъуехьхэм ящыщIэтыфу. Ауэ зауэм щигъуэта фэбжьым и зэранкIэ, абы фIыуэ ильагъу лажьыгъэр куэд дэмыкIыу къигъэнэн хуей хъуащ.

СЭРАХЪЭ Александр,
УФ-м и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Ленинград и хъумакIуэхэр.
Сурэтыр 1942 гъэм трахащ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Гражданствэ тІуащІэр ядэнукъым

● Зэгъэзэхуэжьныгъэхэр

Путин Владимир къыхилъхьащ губернаторхэм, сенаторхэм, депутатхэм, апхуэдэу правительствэм хэтхэм гражданствэ тІуащІэ яІэ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, къэралитІым я паспортхэр яІыгъ зэрымыхъунур Конституцэкіэ щІагъэбдэну. А жэрдэмым занщІэу куэд щыпэджэжащ прессэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

ФЕДЕРАЦЭМКІЭ Советым и унафэщІ Матвиенкэ Валентинэ занщІэу жиІащ гражданствэ тІуащІэр зыпаубыдэр нэхъыбэж хуейуэ. «НэгъуэщІ къэралым и цІыхум и паспортымрэ абы щыпсэуну хуит зыщІ тхьилъымрэ къыщІыхьащ щІэщ дипломатхэми». Ищхьэ палатэм Кэрал ухуэныгъэмрэ законодательствэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ Крашенников Павели ар деІыгъ: «Сэ къэспщІакъым депутатхэм гражданствэ тІуащІэ яІэрэ ямыІэрэ, ауэ абы мардэ хуэгъэувыпхъщ. ЦІыхухэм щІыналъхэм щІыжаІэ: ди дежи апхуэдэ хабзэ щыІэн хуейщ. Гражданствэ тІуащІэ яІэ хъунукъым прокурорхэми, дипломатхэми, хеящІэхэми».

ЛДПР-м и пашэ Жириновский Владимир къыхелъхьэ къулыкъущІэхэм я бынхэр нэгъуэщІ къэралхэм щеджэну хуит ямыщІыну: «КъулыкъущІэм и бынхэр, и щхьэгъусэр, и мыльку нэгъуэщІ къэралщІэмэ, ар гува-щІэхами абыхэм якІэлъыкІэн хуей хъунущ. Апхуэдэр тыншу ихуэфынущ хамэ къэралщэхурыпхъэ зэрымыхуэхари. Сэтей къащІа къудейхэм ятепщІыхьмэ, урысей къулыкъущІэхэм ягъэІэпхъуэ мыхъу мыльку къэрал 47-м щІалэщ. «Совет Союзым хьихьэу щыта республикэхэр яхэдгъэкІмэ, абы и лъэныкъуэкІэ апэ итыр Испаниемрэ Болгариемрэщ. А къэралхэм щынэхъ тыншщ аухъэ хэплъхьэныр», - къыдгурегъаІуэ «Декларатор» проектым и унафэщІ Жвиблис Андрей.

ЦІыху цІэрыІуэ куэдым езыхэм я декларацэхэм къыщагъэлъэгъуащ нэгъуэщІ къэралхэм мыльку зэрыщагъэІэр. Вице-премьеру щыта Голодец Ольгэ унэм иныкъуэ Швейцарием, фэтэрыи и Іыхьэ щанэ Италием щиІэщ. СпортымкІэ министрым и къулыкъур зыІыгъа Колобков Павел ИспаниемкІэ щыщыполлъэ фэтэр, Пенсэ фондым и унафэщІ Топилин Максим и щхьэгъусэм и цІыкІэ БолгариемкІэ щыщыщтщ, правительствэм и ліыкІуэу судхэм щылажьэ Валаев Александр Испаниемкіэ комитетым и Іэтащхьэ Климшас Андрей (Конституцэм хагъэхьэну зэгъэзэхуэжьныгъэхэм елэжь гупым и унафэщІитІым ящ) ШвейцариемкІэ щыбгъэдэлъщ метр зэбгъуэзнатІэ 543-рэ къызэщІэзыубыдэ щІалІэрэ метр зэбгъуэзнатІэ 432-рэ хъу унэрэ. Посми я щІэу-унэщІэхэр къыпхуебжэкІыныкъым.

Ухуитщ, ауэ лъапІэщ

НэгъуэщІ къэралхэм метр зэбгъуэзнатІэ щаІэныр паубыдыркъым, арщхьэкІэ депутатхэр, судыщІэхэр, министрхэр, прокурорхэр хуит ящІыркъым нэгъуэщІхэм я цІэкІэ ирагъэтхами, абыхэм ахъшэ щаІэну. Иджы дыдэ Кэрал Думэм щыдаІыгъащ нэгъуэщІ къэрал банкхэм ахъшэхэмрэ тхьилъымпІэ лъапІэхэмрэ щахъумэныр зымыдэ хабзэр Конституцэкіэ щІэгъэбыдэныр. Ауэ, зэрыгурыуэгъуэщи, ахъшэншэу хамэ къэралхэм псэуалъэхэр къыщыпщэхуфынукъым. Аращи, тогушхэу. Іэщ1агъелІхэм зэрыжаІэмкІэ, ущыпсэуну хуит узыщІ тхьилъэр ящІыжьІэхэм, Іэщ1агъелІхэм зэрыжаІэмкІэ, ущыпсэуну хуит узыщІ тхьилъэр ящІыжьІэхэм, Латвиием, Португалием, Грециием къущатынущ еврэ мин 250-м щегъэжьауэ мин 500-м я уасэщІапІэхэмрэ унэхэмрэ къыщыпщэхумэ. Ильэс зыбжанэ докІри, апхуэдэ тхьилъэр паспорт псокІэ щызэрахъуэкІ. Мальтэмрэ Кипримрэ гражданствэ къыщыдэпхьфынущ занщІэу. Штатхэми пІалъэкІэ ущыпсэуну Іэмал къэзыт тхьилъэхэр къыщыпІэрыхьэнущ уи мыльку зыхуэдизыр щебгъэтхмэ. Мы Іэхум куэдрэ уелІэлІэн хуейкъым гугъу зебгъэхьу: псори уи щхьэгъусэм зэфІигъэкІыфынущ. Ауэ зи гугъу тщІы тхьилъэр къратынущ унагъуэм щыщ псоми.

Прессэм зэритхымкІэ, ильэс куэдкІэ урысей гъуЦІ гъуэгуэм я Іэтащхьэу лэжьа Якунин Владимир зэман куэд щегъакІуэ Германием, и къуэ нэхъыжь Андрей Инджылызым и цІыху хуащ, нэхъыщІэ Виктор киприотщ. Мальтэм и паспортхэр зыІэрагъэхьащ Калининград областым и Хабзэгъэуэ зэхуэсым хэта Находкин Юрийрэ ищхьэ палатэм и депутату щыта Лисиненкэ Игоррэ. «Дыщэ паспортхэр» ират Мальтэм и инвестицІэ фондым еврэ мин 650-рэ, абы кьыдэкІуэуи къэралым и экономикэм еврэ мини 150-рэ хэзыльхьэжэм. Абы-хэм я мызакъуэу, къэралым и щІыналъэм ягъэІэпхъуэ мыльку бдджэнду къыщыпщтэн хуейщ ущымыпсэуми. Зэрытъьагъуащи, лъапІэІуэщ, ауэ Мальтэм и паспортым визэнщІэу къэрали 183-м я гъунапкъэхэр къыпхуэзІуех.

Дауи, апхуэдэ Іэхухэр зыкІи екІуалІэркъым Урысейм и Президентым щІэчэ имыІэу зи гугъу ищІ хэкупсэ гъэсэныгъэм. АтІэ нэгъуэщІ къэралым и паспорт уиІэну ухуимыту Конституцэм игъэува иужь къулыкъущІэхэмрэ депутатхэмрэ зыхэнфыну пІэрэ а хьэл мыхъумыщІэр? Ар зэманым къингъэлъэгуэнщ.

Лэжьыгъэм и уасэр къыпхуэІэтыну?

● Улахуэхэр

**Урысей псэукІэм и мыгъуагъэм и къыхэкІыпІэ нэхъыщхьэщ ди къэралым улахуэхэр егъэлеяуэ зэрыщымащІэр. Хьэуэ, дэ я гугъу тщІыркъым шампанскэкІэ зызыгъэпскІ футболистхэм, сценэм и вагъуэхэм, къеплъыхьмэ, цІыху ликІыр къэзымылъагъуэкІыф къулыкъущІэшхуэхэм, икІэм-икІэжьым хьэжьвакъэжьышх зэмылІэужьыгъуэхэм. Хьэлъэр зытещІэр лэжьакІуэжьхэрщ. Абыхэм я деж зыми зыщІихъуэжьыркъым илъэс куэд хъуауэ. Мыбдежым бжьыгъэхэр щызэтехуэркъым. УФ-м Стратегическмкіэ и къэрал комитетым къитхэм ятепщІыхьмэ, улахуэхэм заІэт илъэс къэс. Арщхьэкіэ, гъэщІэгъуэнращи, зи хэхъуэхэр дэкІуейкэм ар ялъагъуркъым. Хьэтщтэнти дызыхьыхьа илъэсыр. КъызэрыщІэкІымкІэ, зи улахуэхэм зыхущІагъуар лэжьакІуэхэм я проценти 8-рщ, проценти 5-р къагъэгугъа къудейщ. Адрейхэр зыми щыгугъыжьыркъым.

УОГУПСЫС: псори зэгурыІуауэ пІэрэ зыми зрамыгъэхъуэжьыну? ЦІыхур лэжьэнущ улахуэ мащІэ дыдэкІи. Дэнэ кІуэн? Ухэдэну, уигу ирихь Іэнатіэ къыхэпхыну Іэмал гуэри щыІэкъым. Иужьрей псалъэхэм дэ, журналистхэм, дигу къагъэкІыж совет лъэхъэнэм щыІа щытыкІэр. Кэдрэ дыкІуэрт къуажэхэм икІи мэкъумэщыщІэхэм, Іэщ1ыхуэхэм дахуэзэрт, нэхъ къыхэжаныкІхэм очеркхэр тедухуэрт. Псори хъарзынэ хуэдэт: жэмыш цІыхубзыр езым и Іэщ1агъэм зэрысабийрэ щІэхъуэпсауэ, ар зэрихъэжьыни щымыІэу къыщІедгъэдзырт. Ауэ ар пцІыт: а лэжьыгъэ мытынщым нэхъыбэрэ езыхулІэр зэкІыпІэнщагъэрт: и унагъуэр хуэмышІати, еджапІэм нэхъ пасэу къыщІэкІын хуей хъурт е еджэным хэзагъэртэкъым. Пэжщ, апхуэдэхэм кьахэкІырт екъулІэхэр, щытхъукІэ щІагъанэхэр. Ауэ ахэр куэдкІэ нэхъ мащІэт. Адрейхэр-ща? Фермэмрэ унагъуэмрэ я кум дэтт нэгъуэщІ зы пльэгъуэ ямыІэу. Ауэ итІани арэзыт кьалэжьыр зыхуэдизми зыпрыт Іэнатіэмкіи: ящІэрт пщэдей нэхъыкІэ зэрымыхъунур.

Иджы нэху укъэкІынущ щІакъуэр, курпІэр, дагъэр, фошыгъур, н.къ. нэхъ лъапІэ хъуауэ. Махуэ къэс дызыхуей хьэпшыпхэм я гугъу умыщІыхкэ. Аращ улахуэхэм хэгъэхъуэным и Іуэхур кІуэ пэтми нэхъ ткІийуэ къыщІэувыр: цІыхуэхэр япэлъэщыжыркъым уасэхэм. Абы апхуэдизу куэд тражыйхьри, уеблэмэ, зыми игъэщІагъуэжырркъым.

АтІэ псэукІэм и фІагъыр (иужь зэманым а псалъэхэр нэхъыбэрэ кьагъэсэбэп хъуащ Путин Владимири, Правительствэм хэтхэми, политикхэми, Іэщ1агъэлІхэми) кьалэтыфыну улахуэхэм псынщІэу икІи куэду хагъахъуэкІэрэ?

А упщІэмкІэ «Комсомольская правда» газетым и лэжьакІуэ Перекрест Владимир Іуэхум хэзыщІыкІхэм захуигъэзащ. Мис абыхэм ящыщ ящыныкъуэхэм я жэуапхэр.

Нэхъ мащІэ дыдэр къэІэтыпхъэщ

- Упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейуэ я гъуэгуанэщ абы ирапха нэхъ лэжьапщІэ мащІэ дыдэмрэ (МРОТ) зэрамыхъэжьІыу къунукъым, - жиІащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Псэуныгъэ-экономикэ Іуэхуэхэмкіэ и институтым и лабораторэм и унафэщІ Бобков Вячеслав.- Дэ иджырейхэм хэмыт лъэныкъуэхэр зыхэдгъэхьа пщалъэщІэхэр зэхэтлъхьащ. КьыззэрслъыытэмкІэ, дэтхэнэ зи лэжьакІуэми псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейкэм псори зэхэту я уасэхэр сом мин 32 - 35-м нагъэсыпхъэщ. Ауэ унагъуэм зы сабий нэхъ мыхъуми иІэмэ, абыи апхуэдизу трагъэкІуэдэн хуейщ. Мис ахэр къалъытэкІэрэ, ахъшэр адэ-анэм трагуэшпхъэщ я зэхуэдитІу. Аращи, сом мин 50 кьыщІедз. Мис апхуэдизу хъун хуейщ МРОТ-ри.

- Арщхьэкіэ иджыпту МРОТ-р зэрыхъур сом мин 12-рэ 130-рэщ. Белджылыщ МРОТ-р апхуэдизу кьИэтын бюджетым зэрыхуэзфІэмыкІынур. Ахъшэ лей традзэу щытмэ, инфляцэм зричынщ...

- Сэ жысІэркым абы пщэдей дыхуэкІуэн хуейуэ, - жэуап кьет профессорым. - Ильэси 5-м тегуэша программэ кьащтэ хъунущ гъэ хэсэ зрагъэкІыну къапэщытхэр къыщыгъэльэгъуауэ. Инфляцэ щыІэнукъым рынокыр хьэпшыпхэмкІэ бгъэнщІмэ.

КъулыкъущІэхэм я улахуэхэм ...хэгъэхъуэн

«Къэвгъуэтаи!» - гуфІэныщ газетджэхэр - Арыншами фом хэсщ!

Ауэ щыІэщ абдеж мы Іуэхум щыщІэдзэн хуейуэ къэзылъытэ Іэщ1агъэлІхэри. Ахэр мыпхуэдэу Іуэхум ёогупсыс.

Кьэрал Іуэхущ1апІэхэм улахуэхэр къыщІэтэмэ, Іэщ1агъэлІхэр хуэдэ хуэнущ къэнэ лэжьакІуэхэр зэбгрымыжьыжьын папщІэ. ПцІы? Хьэуэ, пцІыкъым!

- Дэ зэпымыуэ къэралым дыпоуэ Іэщ1агъэлІхэмкІэ, - жиІащ хьэрычэтыщІэ Савелов Юрий. - Сэ си деж нэхъыбэ къыщалэжь къэрал къулыкъущІапІэхэм епхахэм яІэрыхьэхэм нэхърэ. Арыншамэ, си Іэщ1агъэлІхэр зэбгрымыжьыжьын папщІэ. ПцІы? Хьэуэ, пцІыкъым!

Абы зэпымыуэ къэралым дыпоуэ Іэщ1агъэлІхэмкІэ, - жиІащ хьэрычэтыщІэ Савелов Юрий. - Сэ си деж нэхъыбэ къыщалэжь къэрал къулыкъущІапІэхэм епхахэм яІэрыхьэхэм нэхърэ. Арыншамэ, си Іэщ1агъэлІхэр зэбгрымыжьыжьын, сэри улахуэхэр къэсІэтын хуей хъунущ къэнэ лэжьакІуэхэр зэбгрымыжьыжьын папщІэ. ПцІы? Хьэуэ, пцІыкъым!

Арщхьэкіэ мыбы нэгъуэщІи хэлъщ. Бюджет ахъшэм ирипсэухэм я улахуэхэм щыпІэхэм щыхуагъэхъуэн папщІэ мис а щІыпІэхэм мыльку хэхъыбэ къыщынэн хуейщ.

Профсоюзхэр лъэрымыхь?

- Улахуэхэр щІэщІыкІыр лэжьакІуэхэр жыджэрхъыми аращ, - кьыхегъэщ Профсоюзхэм я зэгугъэныгъэм Лэжьыгъэмкіэ и инспектор нэхъыщхьэ Храмов Сергей. - Жыпіэнурамэ, мы зэманым кьарур зыбгъэдэлъыр адміністрацэрщ. Гуащэрыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэр яхъумэу абы пщІэтыфын зэгухьэныгъэ дэ диІэкъым. ЦІыхухэр зыгъэлажьэхэр профсоюзхэм уейкІыным. Ауэ мыбы гу лъыдгъэ: профсоюз лъэщ зэдэщІэнэм экономикэм нэхъ псынщІу зыщІежь.

● Бокс

Борсэ Алан и дыщэ медаль

Федотов Александр и фэеплъу боксым и «А» классымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ Якутск кьалэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэ 22-м кьикІа спортсмен 80.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 56-м нэблагъэхэм я пэщІэдзэ зэІуащІэхэр фІы дыдэу езыгъэкІуэкІа ди лъэпкъэгъу Борсэ Алан финалым щыхигъэщІащ Къэлмыкъым икІа Илзитинов Богдан икІи дыщэ медалыр кьихьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Мэзыхьэ Резуан Европэм къыщыхожаныкІ

Мазаем и 20 - 24-хэм Босниемрэ Герцоговинэмрэ щекІуэкІащ боксымкІэ Европэм и Кубокыр къэхьыным ехьалІа зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щыІащ Бахьсэн щІыналъэм щыщ полицей-спортсмен, къэралкІуэцІыдзэм и лейтенант нэхъыщІэ Мэзыхьэ Резуан.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 81-м нэблагъэхэм я гупым и финал ныкъуэ зэІуащІэм Мэзыхьэр щыщыхигъэщІащ иужькІэ зэхьэзэхуэм щытекІуа Нидерландэм щыщ Каспарян Артём икІи домбеякъ медалыр къыльысащ.

Спортсменыр егъасэ Энеев Кязим.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

Гъатхэпэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп Епщыкіубгъуанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 14
(щэбэт)

«Алания» (Владикавказ) - «Краснодар-3» (Краснодар)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Волгарь» (Астрахань)
«Легион Динамо» (Махъэчкъалэ) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
СКА (Дон Іус Ростов) - «Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ)
«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)
«Урожай» (Краснодар)
- «Интер» (Черкесск)
«Дружба» (Мейкъуалэ) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)

Гъатхэпэм и 15
(гъэмахуэ)

«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «Черноморец» (Новороссийск)

ЕтІощІанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 21
(щэбэт)

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык»
«Волгарь» - «Алания»
«Краснодар-3» - «Черноморец»
«Спартак-Владикавказ» - «Урожай»
«Интер» - «Биолог-Новокубанск»
«Динамо-Ставрополь» - СКА
«Мэхъэчкъалэ» - «Легион Динамо»
«Дружба» - «Анжи»

ПІощІрэ езанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 28
(гъэмахуэ)

«Анжи» - «Краснодар-3»
«Черноморец» - «Волгарь»
«Алания» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Спартак-Налшык» - «Мэхъэчкъалэ»
«Легион Динамо» - «Динамо-Ставрополь»
СКА - «Интер»
«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Владикавказ»
«Урожай» - «Дружба»

● ФщІэн папщІэ

Сом мелуани 6-м щІигъу къуэды

Зэратх Іэмэпсымэхэм къыззрагъэлъэгъуамкІэ, мазаем и 22-28-хэм къриубыдэу гъэгум зэрыщІэзекІуэ хабзэр 11. 475-рэ къыззпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 6 мин 597-м щІигъу.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іузхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сихьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъэр-птемыльрэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

Гражданствэ тІуащІэр ядэнукъым

● Зэгъэзэхуэжьныгъэхэр

Путин Владимир къыхилъхьащ губернаторхэм, сенаторхэм, депутатхэм, апхуэдэу правительствэм хэтхэм гражданствэ тІуащІэ яІэ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, къэралитІым я паспортхэр яІыгъ зэрымыхъунур Конституцэкіэ щІагъэбдэну. А жэрдэмым занщІэу куэд щыпэджэжащ прессэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

ФЕДЕРАЦЭМКІЭ Советым и унафэщІ Матвиенкэ Валентинэ занщІэу жиІащ гражданствэ тІуащІэр зыпаубыдэр нэхъыбэж хуейуэ. «НэгъуэщІ къэралым и цІыхум и паспортымрэ абы щыпсэуну хуит зыщІ тхьилъымрэ къыщІыхьащ щІэщ дипломатхэми». Ищхьэ палатэм Кэрал ухуэныгъэмрэ законодательствэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ Крашенников Павели ар деІыгъ: «Сэ къэспщІакъым депутатхэм гражданствэ тІуащІэ яІэрэ ямыІэрэ, ауэ абы мардэ хуэгъэувыпхъщ. ЦІыхухэм щІыналъэхэм щІыжаІэ: ди дежи апхуэдэ хабзэ щыІэн хуейщ. Гражданствэ тІуащІэ яІэ хъунукъым прокурорхэми, дипломатхэми, хеящІэхэми».

ЛДПР-м и пашэ Жириновский Владимир къыхелъхьэ къулыкъущІэхэм я бынхэр нэгъуэщІ къэралхэм щеджэну хуит ямыщІыну: «КъулыкъущІэм и бынхэр, и щхьэгъусэр, и мыльку нэгъуэщІ къэралщІэмэ, ар гува-щІэхами абыхэм якІэлъыкІэн хуей хъунущ. Апхуэдэр тыншу ихуэфынущ хамэ къэралщэхурыпхъэ зэрымыхуэхари. Сэтей къащІа къудейхэм ятепщІыхьмэ, урысей къулыкъущІэхэм ягъэІэпхъуэ мыхъу мыльку къэрал 47-м щІалэщ. «Совет Союзым хьихьэу щыта республикэхэр яхэдгъэкІмэ, абы и лъэныкъуэкІэ апэ итыр Испаниемрэ Болгариемрэщ. А къэралхэм щынэхъ тыншщ аухъэ хэплъхьэныр», - къыдгурегъаІуэ «Декларатор» проектым и унафэщІ Жвиблис Андрей.

ЦІыху цІэрыІуэ куэдым езыхэм я декларацэхэм къыщагъэлъэгъуащ нэгъуэщІ къэралхэм мыльку зэрыщагъэІэр. Вице-премьеру щыта Голодец Ольгэ унэм иныкъуэ Швейцариемрэ, фэтэрыи и Іыхьэ щанэ Италием щиІэщ. СпортымкІэ министрым и къулыкъур зыІыгъа Колобков Павел Испаниемкіэ щыщыполлъэ фэтэр, Пенсэ фондым и унафэщІ Топилин Максим и щхьэгъусэм и цІыкІэ БолгариемкІэ щыщыщтщ, правительствэм и ліыкІуэу судхэм щылажьэ Валаев Александр Испаниемкіэ комитетым и Іэтащхьэ Климшас Андрей (Конституцэм хагъэхьэну зэгъэзэхуэжьныгъэхэм елэжь гупым и унафэщІитІым ящ) ШвейцариемкІэ щыбгъэдэлъщ метр зэбгъуэзнатІэ 543-рэ къызэщІэзыубыдэ щІалІэрэ метр зэбгъуэзнатІэ 432-рэ хъу унэрэ. Посми я щІэу-унэщІэхэр къыпхуебжэкІыныкъым.

Ухуитщ, ауэ лъапІэщ

НэгъуэщІ къэралхэм метр зэбгъуэзнатІэ щаІэныр паубыдыркъым, арщхьэкІэ депутатхэр, судыщІэхэр, министрхэр, прокурорхэр хуит ящІыркъым нэгъуэщІхэм я цІэкІэ ирагъэтхами, абыхэм ахъшэ щаІэну. Иджы дыдэ Кэрал Думэм щыдаІыгъащ нэгъуэщІ къэрал банкхэм ахъшэхэмрэ тхьилъымпІэ лъапІэхэмрэ щахъумэныр зымыдэ хабзэр Конституцэкіэ щІэгъэбыдэныр. Ауэ, зэрыгурыуэгъуэщи, ахъшэншэу хамэ къэралхэм псэуалъэхэр къыщыпщэхуфынукъым. Аращи, тогушхэу. Іэщ1агъелІхэм зэрыжаІэмкІэ, ущыпсэуну хуит узыщІ тхьилъэр ящІыжьІэхэм, Іэщ1агъелІхэм зэрыжаІэмкІэ, ущыпсэуну хуит узыщІ тхьилъэр ящІыжьІэхэм, Латвиием, Португалием, Грециием къущатынущ еврэ мин 250-м щегъэжьауэ мин 500-м я уасэщІапІэхэмрэ унэхэмрэ къыщыпщэхумэ. Ильэс зыбжанэ докІри, апхуэдэ тхьилъэр паспорт псокІэ щызэрахъуэкІ. Мальтэмрэ Кипримрэ гражданствэ къыщыдэпхьфынущ занщІэу. Штатхэми пІалъэкІэ ущыпсэуну Іэмал къэзыт тхьилъэхэр къыщыпІэрыхьэнущ уи мыльку зыхуэдизыр щебгъэтхмэ. Мы Іэхум куэдрэ уелІэлІэн хуейкъым гугъу зебгъэхьу: псори уи щхьэгъусэм зэфІигъэкІыфынущ. Ауэ зи гугъу тщІы тхьилъэр къратынущ унагъуэм щыщ псоми.

Прессэм зэритхымкІэ, ильэс куэдкІэ урысей гъуЦІ гъуэгуэм я Іэтащхьэу лэжьа Якунин Владимир зэман куэд щегъакІуэ Германием, и къуэ нэхъыжь Андрей Инджылызым и цІыху хуащ, нэхъыщІэ Виктор киприотщ. Мальтэм и паспортхэр зыІэрагъэхьащ Калининград областым и Хабзэгъэуэ зэхуэсым хэта Находкин Юрийрэ ищхьэ палатэм и депутату щыта Лисиненкэ Игоррэ. «Дыщэ паспортхэр» ират Мальтэм и инвестицІэ фондым еврэ мин 650-рэ, абы кьыдэкІуэуи къэралым и экономикэм еврэ мини 150-рэ хэзыльхьэжэм. Абы-хэм я мызакъуэу, къэралым и щІыналъэм ягъэІэпхъуэ мыльку бдджэнду къыщыпщтэн хуейщ ущымыпсэуми. Зэрытъьагъуащи, пІалъэІуэщ, ауэ Мальтэм и паспортым визэнщІэу къэрали 183-м я гъунапкъэхэр къыпхуэзІуех.

Дауи, апхуэдэ Іэхухэр зыкІи екІуалІэркъым Урысейм и Президентым щІэчэ имыІэу зи гугъу ищІ хэкупсэ гъэсэныгъэм. АтІэ нэгъуэщІ къэралым и паспорт уиІэну ухуимыту Конституцэм игъэува иужь къулыкъущІэхэмрэ депутатхэмрэ зыхэнфыну пІэрэ а хьэл мыхъумыщІэр? Ар зэманым къингъэлъэгуэнщ.

● Баку

СССР лъэщыр лъэлъэжа нэужь, абы хэта республикэхэу зи Іуэхур нэхъ ефІакІуэхэм ящыщщ Азербайджаныр. Апхуэдэу а республикэм иджыри Урысейм пыщІэныгъэ быдэхэр къыхуиІэщ.

Къэралым и кьалащхьэ Баку гъэм и сыт хуэдэ зэманми дахэщ.

Сурэтыр **Къарей Элинэщ** *трихащ.*

● Упщіэ - жэуап

Мылэжьэгъуэщ, арщхьэкІэ...

Конституцэм хагъэхьэну зэгъэзэхуэжьныгъэхэм техуэуауэ мы гъэм Іэ щаІэтыну мэлыжьыхьыхьм и 22-м и бэрэжьейр мылэжьэгъуэ махуэу ягъэуващ. Ар цІыхухэм я улахуэхэм сыткІэ къажьэхэуэну?

УРЫСЕЙМ и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и Іэтащхьэ Шмаков Михаил и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абы щхьэкІэ лэжьакІуэхэм я улахуэхэм кІэрыхунукъым, ауэ ахъшэ хуамытхыу лэжьапІэм зыкъграгъэутІыпщыну ар зыми ирихулІэфынукъым: «Мыр лейуэ ягъэува мылэжьэгъуэ махуэ къудейщ. Зы мазэ псор кьапщтэмэ, абы зыгъэпсэхугъуэ махуэу 8 хэтщ, иджы ахэр 9 хъунущ. Абы кьыхэкІыуи зыми и улахуэм кІэрыхунукъым» - жиІащ Шмаковым. Абы щІигъужащ мэлыжьыхьым и 22-м хуэзэ лэжьапщІэ зимыІэнур улахуэ пыухыкІа зыхуамыгъэува, зэфІагъэкІам и уасэр кьеІыхьыс цІыхухэм зэрагъакъуэр.

● Украинэ

Паспорт пІыгъ?

Гъатхэпэм и 1-м къыщыщІэдзауэ украинхэр Урысейм кьакІуэ хъуркъым, нэгъуэщІ къэралхэм я щІыналъэхэм ихьэну хуит зыщІ паспортхэр ямыІыгъыу.

ИДЖЫРИ къэс Урысейм кьакІуэ хъурт паспорт кьызэрыгуэкІыр е кьызэралъхуамкІэ щыхьэт тхьилъыр гъунапкъэхэм щагъэльагъуэуэ. ПльэныкъуитІым зэращыІла зэгурыІуэныгъэм апхуэдэ Іэмал яритырт. Арщхьэкіэ 2015 гъэм Киев урысейхэм апхуэдэ хабзэр кьахуидзжакъым, нэгъуэщІ мардэхэри игъэуващ. Иджы езым и щыхуэмэ ялъэІэсащ. Гъатхэпэм и 1-р къэмысу УФ-м и щІыналъэм къыщыхута украинхэр - а къэралым и гъунапкъэхэмэ Іэнатіэм къитхэм ятепщІыхьмэ, апхуэдэхэм я бжьыгъэ мелуанибл мэхъу - я хэкум кІуэж хъунущ япэрей дэфтэрхэмкІэ. Арщхьэкіэ иджы ахэр Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ урысей кьалэхэм кьэкІуэн папщІэ паспортыщІэ яІэн хуейщ.

«Махуэкум» и кьыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар политикэ обозреватель **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокьуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●